



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SD/MI Kelas IV

KURIKULUM 2013



IV

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
Pikeun Murid SD/MI Kelas IV

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-04-6 (Jilid 4)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Pangbagéa

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun kalawan merenah.



Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompeténsi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimpléméntasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Barat,



Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.


Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantarana dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten dianos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.
Pembina Tk. I
NIP. 196110051986031014

Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah

urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/ Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep ogé getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah*

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku

Daptar Eusi

PANGBAGÉA

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	iii
Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	v

PANGANTEUR vii

PANGAJARAN 1: KOMUNIKASI DINA PAKUMBUHAN 1



A. Maca dina Jero Haté.....	2
B. Ngabandungan Pupujian.....	4
C. Ngalisankeun Jawaban	6
D. Ngapalkeun Istilah Kaagamaan	6
E. Ngadiskusikeun Istilah Kaagamaan	7
F. Nyusun Pupujian	9
G. Miwanoh Robahna Kecap	10
H. Latihan Ngalarapkeun Robahna Kecap..	11

PANGAJARAN 2: HÉMAT ÉNERGI..... 13



A. Maca dina Jero Haté.....	14
B. Nganggeuskeun Kalimah	16
C. Ngabandungan Pedaran Ngeunaan Hémat Énergi	17
D. Ngadiskusikeun Eusi Stiker.....	18
E. Nyusun Kalimah pikeun Stiker.....	20
F. Ngapalkeun jeung Latihan Kabeungharan Kecap.....	21
G. Ngapalkeun jeung Latihan Ngeunaan Istilah Kadaharan	23

PANGAJARAN 3: SILIH PIKANYAAH PAPADA MAHLUK 25



- A. Maca Bedas..... 26
- B. Ngadiskusikeun Eusi Dongéng 28
- C. Molahkeun Paguneman dina Dongéng .. 29
- D. Ngabandungan Dongéng 30
- E. Nganggeuskeun Kalimah 33
- F. Ngadongéng Hareupeun Batur Sakelas . 33
- G. Ngapalkeun Kabeungharan Kecap 34
- H. Ngantebkeun Kalimah 36


I. Migawé Pancén di Imah 37

PANGAJARAN 4: DISIPLIN, JUJUR, JEUNG TANGGUNG JAWAB DINA PAGAWÉAN 39



- A. Maca Bedas..... 40
- B. Ngabandungan Pedaran..... 41
- C. Ngadiskusikeun Rupa-Rupa Pagawéan jeung Kaahlian..... 43
- D. Nyusun Kalimah 44
- E. Nyusun Karangan 46
- F. Nganggeuskeun Karangan 47
- G. Ngalarapkeun Robahna Kecap 48

PANGAJARAN 5: NGAJÉNAN JASA PAHLAWAN 53



- A. Ngaregepkeun Tembang 54
- B. Ngadiskusikeun Eusi Tembang 55
- C. Nembangkeun Pupuh Babarengan 56
- D. Ngalengkepan Jajaran Pupuh 59
- E. Nyusun Pupuh Dumasar Carita..... 60
- F. Nyusun Jajaran Pupuh..... 62
- G. Ngapalkeun Kabeungharan Kecap 64
- H. Ngalarapkeun Robahna Kecap 65

BAB 6: CINTA LEMAH CAI	69
-------------------------------------	-----------



A. Ngaregepkeun jeung Ngawihkeun	70
B. Ngadiskusikeun Eusi Kawih	71
C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap	72
D. Ngawihkeun	74
E. Ngajembaran Kawih	74
F. Ngaregepkeun Pedaran Kawih	79
G. Migawe Pancén.....	80

PANGAJARAN 7: CITA-CITA.....	81
-------------------------------------	-----------



A. Maca Jero Hate	82
B. Ngalisankeun Jawaban	83
C. Ngalarapkeun Undak-Usuk Basa	84
D. Ngajembaran Carita	85
E. Ngajawab Pananya.....	88
F. Ngalarapkeun Kecap	88
G. Nuliskeun jeung Nyaritakeun Cita-Cita ..	90

PANGAJARAN 8: LINGKUNGAN PADUMUKAN.....	91
--	-----------



A. Maca Jero Haté	92
B. Nyangkem Eusi Bacaan.....	93
C. Ngalengkepan Kalimah	94
D. Nyusun Karangan Dadaran	95
E. Maca Ngajembaran	96
F. Nyaritakeun Dadaran.....	98

PANGAJARAN 9: KADAHARAN	99
-------------------------------	----



A. Maca Jero Haté	100
B. Nyangkem Eusi Pedaran	102
C. Nyebutan Istilah Kadaharan.....	102
D. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah.....	102
E. Nyawalakeun Kadaharan	103
F. Midangkeun Hasil Sawala	109
G. Latihan	109
H. Migawé Pancén di Imah	110

I. Néangan Kadaharan.....	111
---------------------------	-----

DAPTAR PUSTAKA	112
----------------------	-----

Pangajaran

1

KOMUNIKASI DINA PAKUMBUHAN



Sumber: www.sixpointele.blogspot.com

Saméméh ngalaksanakeun solat wajib, biasana sok pupujian heula. Tangtu di antara hidep ogé aya anu apal. Biasana mah diajarkeunana ku guru ngaji, tujuanana mug i ka Pangéran urang sadayana.

Ayeuna hayu urang diajar ngeunaan pupujian.

A. Maca Dina Jero Haté

Yu, urang maca!

PUPUJIAN DI MASJID



Langit masih béngras, padahal geus liwat ti tabuh lima soré. Kabeneran poé ieu mah teu hujan. Éta pangna barudak arulinna bangun anu hayang saseubeuhna. Sawaréh ngariung di émpér masjid. Meureun ari dina poé-pocé saméméhna mah ari pasosoré téh sok hujan waé, da keur usumna.

“Enggeusan arulinna, barudak, geus téréh magrib,” ceuk Uwa Sumantri ka barudak anu keur ucing-ucingan di buruan masjid. Aya welasna urang, awéwé-lalaki. Éta masjid téh di deukeut lawang kompléks perumahan.

“Sakedap deui, Wa, kapameng,” témbal Yadi.

“Éh, barudak téh. Bisi kaburu sareupna geura. Hayoh geura marandi kaituh!” ceuk Uwa Sumantri deui.

“Enya, ah. Urang enggeusan wé ulinna. Sok tiris ari mandi kamagriban téh,” ceuk Galih ka batur-baturna. Manéhna mah balikna téh pangjauhna, da imahna di jajaran tungtung.

“Enggeusan, euy, enggeusan ...,” ceuk nu séjén bari terus marulang ka saimah-imahna.

Sanggeus mandi, Galih disalin ku papakéan beresih, terus nyokot sarung, rék ka masjid. Babaturanana mah, anu imahna teu jauh ti masjid, geus leuwih ti heula datang. Tah geuning kadéngé keur pupujian:

*Tah sora bedug, batur
tanda geus magrib
geus nitah eureun ulin
ngajak ka masjid
beulah kulon hibar layung
ngajak muji ka Yang Agung*

Teu kungsi lila kadéngé sora adan. Galih buru-buru asup ka masjid.

Jamaah anu rék solat magrib kaitung loba, aya kana opat jajarna, da katambahan ku barudak anu rék diajar ngaji. Saréngsena solat, barudak arungguh ka lanté dua, anu pahareup-hareup jeung paimbaran. Minangkana mah éta téh madrosah. Di dinya Galih sabatur-batur diajarna téh. Sajaba ti ngaderes Quran, barudak téh diajar babacaan solat jeung prak-prakan abdas.

Bari ngadagoan Ustad Rahmat anu keur solat sunat, barudak ngapalkeun pupujian. Eusina medar rupa-rupa cai anu bisa dipaké susuci.

*Dupi sadayana cai
nu sok dianggo susuci
éta aya tujuh rupi
walungan anu kahiji*

*Cai laut kaduana
cai sumur katiluna
cai ibun kaopatna
cai és nu kalimana*

*Cai nyusu kagenepna
cai hujan katujuhna
éta cai sadayana
sok dianggo susucina*



Pupujian anu dikawihkeun ku barudak téh hasil diajar di madrosah. Ku sabab dikawihkeun, barudak téh gancang apal, da dibarung ku resep. Eusi pupujian nu diajarkeun ku Ustad Rahmat téh rupa-rupa. Barudak sok resepeun pisan mun keur ngawihkeun pupujian anu eusina riwayat Kangjeng Nabi.

B. Ngabandungan Pupujian

**(Diterangkeun ku Ibu/Bapa Guru)
Yu, urang bandungan!**

Biasana pupujian téh dikawihkeun di masjid, saméméh breng ngalaksanakeun solat wajib, atawa saméméh diajar ngaji. Pupujian téh aya anu eusina pépéling atawa ngingetan ka urang pikeun ngalaksanakeun paréntah agama, contona anu dikawihkeun ku babaturan Galih saméméh solat magrib. Ngabéjaan yén geus datang waktu magrib, kudu gancang eureun ulin, terus indit ka masjid. Dina éta pupujian téh aya anu ditepikeun atawa dikomunikasikeun.

*Tah sora bedug, batur
tanda geus magrib
geus nitah eureun ulin
ngajak ka masjid
beulah kulon hibar layung
ngajak muji ka Yang Agung*

Ari dina pupujian anu dikawihkeun ku Galih sabatur-batur saméméh diajar ngaji mah anu ditepikeunana téh rupa-rupa cai anu sok dipaké wudu. Disebutkeun yén aya tujuh rupa cai anu sah dipaké susuci.

Ayeuna hayu urang bandungan pupujian anu eusina riwayat Kangjeng Nabi. Ku Ibu/Bapa Guru dicontoan heula. Geus kitu terus kawihkeun ku salah saurang di hareupeun kelas. Pék bandungan ku anu séjén.

*Nabi urang saréréa
Kangjeng Nabi anu mulya
Muhammad jenenganana
Arab Qurés nya bangsana*

*Ibuna Siti Aminah
ramana Sayid Abdulloh
dibabarkeunna di Mekah
wengi Senén taun Gajah*

*Ari bilangan taunna
lima ratus cariosna
tujuh puluh panambahna
sareng sahiji punjulna*



Sumber: islamicmotivationindonesia.blogspot.com

*Medal nabi ahir jaman
pisan-pisan kaanéhan
sesembahan bangsa sétan
kabéh pada arucutan*

C. Ngalisankeun Jawaban

Pék ku hidep jawab!

1. Kumaha kaayaan di buruan masjid dina soré harita?
2. Naon waé anu dipigawé ku Galih sanggeusna mandi?
3. Kudu kumaha mun urang geus ngadéngé adan magrib?
4. Naon eusi pupujian anu dikawihkeun saméméh solat?
5. Ari pupujian sanggeusna solat medar ngeunaan naon?
6. Cai naon waé anu ku urang bisa dipaké susuci téh?
7. Pépéling ngeunaan naon anu aya dina pupujian téh?
8. Saha ari jenengan ibu ramana Nabi Muhammad téh?
9. Taun sabaraha Kangjeng Nabi dibabarkeunana?
10. Pék caritakeun kumaha layoutna Galih sabatur-batur dina sapopoéna!

D. Ngapalkeun Istilah Kaagamaan

Dina bacaan tadi tangtu hidep manggihan kecap anu aya hubunganana jeung kagiatan dina ngalaksanakeun ajaran agama. Urang sebut waé yén éta téh istilah kaagamaan. Geura urang pedar sawatara di antarana. Pék ku hidep apalkeun harti atawa maksudna.

1. Saréngséna solat, barudak arungguh ka lanté dua, anu pahareup-hareup jeung paimbaran.
paimbaran = tempat imam mingpin solat berjamaah
2. Minangkana mah éta téh madrosah.
madrosah = sakola agama
3. Dupi sadayana cai nu sok dianggo susuci
susuci = beberesih, upamana wudu (wulu atawa abdas) jeung mandi, dina rék ngalaksanakeun solat
4. Bari ngadagoan Ustad Rahmat anu keur solat sunat, barudak ngapalkeun pupujian.
ustad = guru agama atawa guru ngaji
5. Sajaba ti ngaderes Quran, barudak téh diajar babacaan solat jeung prak-prakan abdas.
ngaderes Quran = malikan hanca maca Quran supaya lancar

6. Disebutkeun yén aya tujuh rupa cai anu sah dipaké susuci.
sah = meunang, teu salah ceuk aturan

E. Ngadiskusikeun Istilah Kaagamaan

Yu, urang diskusi!

Hidep sabatur-batur pék dibagi jadi opat kelompok. Saban kelompok kudu nerangkeun harti atawa maksud istilah kaagamaan. Lamun tacan nyaho hartina, hidep kudu nanyakeun ka ibu, ka apa, ka lanceuk, atawa ka saha waé. Pék ku hidep catetkeun sakur katerangan tina éta istilah, terus diskusikeun di kelas.

Kelompok 1

1. Dina ajaran Islam, sodakoh kaasup kana pagawéan mulya.
sodakoh = _____
2. Rék di mana waé cicing, urang kudu hadé ahlak.
ahlak = _____
3. Urang wajib iman kana ajaran nu dicandak ku para nabi.
iman = _____
4. Jalma nu taat ka Alloh bakal salamet dunya ahérat.
taat = _____
5. Muga-muga pamaksudan urang dikobul ku Gusti Nu Maha Suci.
dikobul = _____

Kelompok 2

1. Unggal taun ogé Bapa Sutisna mah sok qurban.
qurban = _____
2. Geura saré atuh, bisi engké kabeurangan saur geura.
saur = _____

3. Ti masjid kadéngé sora Uwa Dodo keur tadarus.
tadarus = _____
4. Anu rék sarolat Idul Fitri di lapang marawa sajadah.
sajadah = _____
5. Lampu di munara mani ngempray caang ka jauhna.
munara = _____

Kelompok 3

1. Dina waktu asup ka kelas murid kelas opat sok maca salam.
maca salam = _____
2. Ari kasebutna insan mah sok aya waé salahna.
insan = _____
3. Néangan élmu téh hukumna wajib pikeun sakabéh jalma.
wajib = _____
4. Ayeuna mah di saban kantor sok aya waé musola.
musola = _____
5. Sakur amal di dunya bakal diitung di poé ahérat jaga.
amal = _____

Kelompok 4

1. Saméméh maca Quran kudu ngucapkeun heula taud.
taud = _____
2. Béas hasil zakat pitrah di RW 12 aya genep kintal.
zakat pitrah = _____
3. Ieu acara urang tutup ku maca hamdalah sasarengan.
maca hamdalah = _____
4. Sadaya ibu guru di sakola abdi sok nganggo jilbab.
jilbab = _____
5. Tajil téh ukur nginum cai hérang gé teu nanaon.
tajil = _____

F. Nyusun Pupujian

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu, nyusun pupujian!

Di handap aya pupujian anu eusina pépéling, tapi jajaranana tacan nyusun. Pék ayeuna ku hidep susun, sangkan bisa kaharti, tepi ka éta pupujian téh nyumponan unsur komunikasi, lantaran aya eusi anu ditepikeunana kalawan jéntré.

- (1) *éling-éling dulur kabéh
ibadah ulah campoléh
beurang peuting ulah weléh
bisina kaburu paéh*

*teu bisa nyingkahan pati
sabab urang bakal mati
nyawa dipundut ku Gusti
najan raja nyakrawati*

*tara ngalakukeun solat
nyerina kaliwat-liwat
karasana keur sakarat
kana ibadah diliwat*

- (2) *mugi rohmat salamina
nun Gusti abdi sadaya
sareng ka kulawargina
ngocor ka Nabi nu mulya*

*kitu deui sahabatna
sareng muslimin muslimat
anu sami-sami taat
anu ngabéla agama*

G. Miwanoh Robahna Kecap **Yu, urang titénan!**

Pék titénan robahna kecap sakumaha nu ditétlakeun di handap.

1. riung → ngariung
Sawaréh ngariung di émpér masjid.
2. cokot → nyokot
Galih disalin ku papakéan beresih, terus nyokot sarung.
3. inum → nginum
Tajil téh ukur nginum cai hérang gé teu nanaon.
4. baca → maca
Ieu acara urang tutup ku maca hamdallah sasarengan.

Kalimah anu bieu téh meunang nyutat tina bacaan. Ku urang katangen aya kecap anu robah, nyaéta *riung* jadi *ngariung*, *cokot* jadi *nyokot*, *inum* jadi *nginum*, jeung *baca* jadi *maca*. Ku sabab robah, hartina gé jadi béda. Geura lamun ditulisna kieu, tangtu éta kalimah téh jadi teu merenah.

1. Sawaréh riung di émpér masjid.
2. Galih disalin ku papakéan beresih, terus cokot sarung.
3. Tajil téh ukur inum cai hérang gé teu nanaon.
4. Ieu acara urang tutup ku baca hamdallah sasarengan.

Ku urang karasa, opat kalimah di luhur lamun kecapna diganti ku *riung*, *cokot*, *inum*, jeung *baca* mah jadi teu merenah maksudna. Éta pangna anu digunakeun téh kecap *ngariung*, *nyokot*, *nginum*, jeung *maca*.

Dina basa Sunda, robahna kecap kawas kitu téh mindeng pisan. Geura ayeuna urang téangan deui contona, terus ku hidep pilih kalimah anu bener.

1. a) Dadang dititah meuli koran ka kios.
b) Dadang dititah beuli koran ka kios.
2. a) Japati téh teu daékeun apung geuning.
b) Japati téh teu daékeun ngapung geuning.
3. a) Wéni keur cébor tangkal kembang.
b) Wéni keur nyébor tangkal kembang.
4. a) Cing bantuan ngadorong mobil sakeudeung.
b) Cing bantuan dorong mobil sakeudeung.

H. Latihan Ngalarapkeun Robahna Kecap

Yu, urang latihan!

Sangkan leuwih paham kana robahna kecap, pék ayeua ku hidep pigawé latihanana. Carana mah kawas bieu dina contona waé. Hidep ngan kari ngalarapkeun kecap anu geus robah kana kalimahna.

1. **dahar** → ngadahar
Ti tatadi ogé kupat tahu téh euweuh nu geuning.
2. **injeum** → nginjeum
Cing ragaji, rék meulahan papan keur nyieun bangku.
3. **cabak** → nyabak
Jih, teu pira gé ukur , naha mani teu meunang ah.

4. **buka** → muka

Apan itu tuh imah Kang Juhana anu panto pagerna .

5. **duruk** → ngaduruk

Mun rék runtah ulah wayah kieu atuh, Kang Haji.

6. **éntép** → ngéntép

Dina jero lokét Ceu Aisyah duitna mani bareureum.

7. **sangu** → nyangu

Rék téh komporna teu hurung, da gasna geus béak.

8. **bales** → males

Urang wajib kanyaah jeung kahadéan indung bapa.

9. **ranggeum** → ngaranggeum

Ramo heulang anak hayam, terus dibawa ngapung.

10. **itung** → ngitung

Geus meunang , duit anu disetorkeun ka bank téh.

11. **jieun** → nyieun

Murid dibere tugas kudu karajinan tina awi.

12. **beuleum** → meuleum

Hurungkeun heula atuh ari rék opak mah, Cép.

13. **carita** → nyarita

Lamun moal asup gawé mah kari waé ka dunungan.

14. **sorodot** → nyorodot

Tarajé anu keur ditaékan téh , untung teu luhur labuhna.

15. **soléndang** → nyoléndang

Dibaju seragam bari kantong, rék indit ka sakola.



Pangajaran

2



HÉMAT ÉNERGI



Hemat Listrik yuk!

biar orang lain juga **bisa pake**


Sawajibna urang hirup kudu hémat. Lain hémat kana duit wungkul, tapi deuih hémat kana cai, hémat kana listrik, jeung réa-réa deui. Ajakan sangkan urang hémat téh sok aya anu ditepikeun ngaliwatan dina rupa-rupa wawaran.

Dina pangajaran ayeuna rék dipedar ngeunaan hémat énergi, utamana anu ditepikeun dina poster jeung stiker. Hayu urang mimitian.

A. Maca dina Jero Haté

Yu, urang maca!

STIKER HÉMAT ÉNERGI



Méméh bél asup, barudak ngagimbung hareupeun papan informasi. Maranéhna ngilikan poster, ukuran dua kalieun rubakna lambaran keretas daptar hadir siswa. Dina éta poster aya gambar sapéda, maké tulisan “kendaraan hémat énergi jeung anti polusi”.

“Ieu mah sapéda jaman baheula, nya?” ceuk Tanti.

“Enya. Siga sapéda anu aki,” témbal Ridwan. “Kaciri dina bentukna da, sapéda baheula mah. Dina setangna maké lampu deuih.”

Gigireun poster sapéda, aya deui poster séjénna. Anu ieu mah gambar jalma keur leumpang. Sarua deuih maké tulisan, unina “yu urang leumpang, sangkan séhat badan, pikeun ngahémat BBM, ngurangan macétna jalan”.

“Capé ah leumpang mah,” omong Farida.

“Enya, tuda Farida mah ari ka sakola téh sok kana ojég waé,” ceuk Lusi.

“Padahal mending leumpang. Matak séhat kana badan, pikeun ngahémat BBM, jaba deuih moal kaganggu ku macét. Tuh geuning, ceuk dina poster gé kitu,” sambung Galih.

“Tuda imah abdi mah jauh. Jadi wé sok kana ojég,” omong Farida deui.

“Alus nya ieu poster téh. Saha nu masangkeunana, da kamari mah tacan aya napel di dieu,” omong Rahmat.

Bél tanda asup ka kelas disada.

Sanggeus murid arasup ka kelas, anu pangheulana dipedar ku Pa Guru téh ngunaan poster anu cikénéh dibaraca ku barudak.

“Ayeuna téh tanggal 22 Oktober. Ku pamaréntah geus ditangtukeun yén tanggal 22 Oktober téh Hari Énergi Sedunia. Ku kituna, sakumna bangsa di ieu dunya, dina poé ayeuna téh babarengan miélingna. Tujuanana mah sangkan urang saréréa hémat kana énergi,” saur Pa Guru.

Pa Guru ngabagikeun stiker, eusina mangrupa ajakan sangkan hémat kana énergi. Saban murid meunang hiji séwang. Éta stiker téh kudu ditapelkeun dina tempat anu merenah.

Saterusna ku Pa Guru diterangkeun hal-hal anu patali jeung énergi. Ari énergi téh daya, tanaga, atawa kakuatan anu digunakeun pikeun rupa-rupa kagiatan. Upamana waé dina listrik téh aya énérgi anu bisa digunakeun pikeun nyaangkeun lampu. Kitu deui BBM atawa bahan bakar minyak téh jadi sumber énérgi pikeun ngagerakkeun mesin.

“Lampu bisa caang, kompa listrik bisa nyedot cai tina jero sumur, kipas angin bisa muter, jeung réa-réa deui, éta téh ku sabab aya énergi listrik. Pangna mesin kendaraan bisa hirup téh ku sabab ngagunakeun énergi BBM. Lamun mobil euweuh bénsinan, tangtu mesinna moal bisa hirup, jeung geus tangtu éta mobil moal bisa maju,” saur Pa Guru.

“Tapi masing teu aya bénsinan gé, éta mobil mogok téh tiasa maju, mun didorong mah, Pa,” Odéd nyelengkeung. Atuh babaturanana téh sareuri.

“Tah, Odéd pinter,” saur Pa Guru. “Mémang bakal maju mun didorong mah, Déd, najan mobilna mogok ogé. Tapi ari ngadorong mobil téh apan kudu maké tanaga. Ari tanaga apan éta téh énergi. Ngan pédah ari dina ngadorong mobil mah sumber énérgina téh lain tina bénsin, tapi tina awak urang anu ngadorongna. Lamun urang teu ngaluarkeun énergi mah, éta mobil mogok téh moal maju sorangan. Jadi angger waé majuna mobil mogok anu didorong téh kudu maké énergi. Tapi sumber énérgina lain tina bénsin.”

“Sumber énérgina tina bala-bala sareng géhu,” Faruk milu nyelengkeung. Atuh barudak téh beuki ramé seuseurian, da arapaleun yén bala-bala jeung géhu téh kabeuki Odéd.

Bapa Guru gé ngiring gumujeng.

B. Nganggeus Kalimah

Kaharti eusi bacaan bieu téh? Ah pastina gé kaharti, malah gampang deuih. Geura ayeuna hidep pasti bisa nganggeuskeun kalimah dumasar kana eusi éta bacaan.

Prak geura parigawé.

1. Anu dipasang dina papan informasi téh nyaéta _____.
2. Ridwan nyebut gambar sapéda jaman baheula sabab _____.
3. Aya poster anu tulisanana: yu urang leumpang, _____.
4. Untungna lamun ka sakola leumpang nyaéta _____.
5. Éta poster dipasang dina papan informasi patali jeung _____.

6. Urang kudu bisa ngahémat énergi sangkan _____.
7. Conto sumber énergi misalna waé _____.
8. Gunana énergi téh pikeun _____.
9. Lamun urang ngadorong mobil sumber énergina tina _____.
10. Di jero kelas barudak sareuri sabab _____.

C. Ngabandingan Pedaran Ngeunaan Hémat Énergi

(Dipedar ku Ibu/Bapa Guru)

Yu, urang ngaregepkeun!

Dina wacana bieu dipedar ngeunaan énergi. Anu jadi sumber énergi téh rupa-rupa, aya anu disadiakeun ku alam, aya anu kudu diolah heula. Lila-lila mah éta sumber énergi téh bisa béak. Bénsin, solar, minyak tanah, batu bara, jeung sakur sumber énergi lianna anu asalna tina jero taneuh hiji waktu mah bakal béak. Ku sabab kitu, urang kudu hémat. Sumber énergi téh ulah dihahambur.

Anjuran hémat énergi di antarana bisa ditepikeun dina poster, sakumaha anu aya dina papan informasi sakola Tanti. Ari poster mah biasana ditémpélkeun di tempat anu ramé. Misalna waé di tempat anu remen jadi liliwatan, atawa tempat ngumpulna jalma. Lian ti dina poster, bisa deuih ditepikeun dina stiker. Tah ari stiker mah ukuranana leuwih leutik ti poster.

Eusi poster jeung eusi stiker bisa waé sarua. Bédana téh dina ukuranana. Mun poster upamana ukuran 40 x 60 cm², tah ari stiker mah cukup ukuran 4 x 6 cm² gé.

Geura urang titénan rupa-rupa stiker anu eusina ngajak ka urang pikeun ngahémat sumber énergi.



Ku urang katangen, basa anu digunakeun dina stiker mah pondok jeung langsung bisa kaharti ku anu macana. Lian ti éta, dina nuliskeunana ogé henteu dapon kitu waé, tapi kecap-kecapna dipilih heula, malah sakapeung mah sok dicampuran ku heureuy. Salian ti kecapna meunang milihan téh, bentukna ogé kudu alus, ngagunakeun rupa-rupa warna, malah sok aya anu ditambahan ku ilustrasi gambar atawa potrét. Éta téh pikeun daya tarik sangkan stiker dibaraca.

D. Ngadiskusikeun Eusi Stiker

Yu, urang diskusi!

Ayeuna hidep saréréa nyieun opat kelompok. Saban kelompok kudu ngadiskusikeun eusi stiker sakumaha anu aya dina gambarna. Anu kudu didiskusikeun ku hidep téh, nyaéta:

- 1) naon maksud anu dikandung dina éta stiker
- 2) kumaha cara urang migawéna, jeung
- 3) alusna kudu di mana éta stiker dipasangna


Kelompok 1 ngadiskusikeun:



Kelompok 2 ngadiskusikeun:



Kelompok 3 ngadiskusikeun:



Kelompok 4 ngadiskusikeun:



Lamun geus didiskusikeun di kelompok masing-masing, terus diskusikeun deui babarengan jeung batur sakelas. Kadé, ari dina diskusi, urang ulah sok ngarasa bener sorangan. Urang kudu daék ngadéngékeun pamanggih batur. Lamun pamanggih batur teu sarua jeung pamanggih urang, teu kudu jadi paréa-réa omong. Anu penting mah pamanggih urang téh dumasar kana alesan anu puguh.

E. Nyusun Kalimah pikeun Stiker

Yu, urang nysusun kalimah!

Hidep ogé tangtu bisa nyusun kalimah pikeun nyieun stiker anu basajan. Upamana kieu, hidep rék ngajak ka batur sangkan ngahémat listrik. Hidep bisa nyieun kalimah kieu:

Gunakeun listrik saperluna.

Najan ukur tilu kecap gé geus dianggap cukup, sabab langsung kaharti maksudna yén listrik téh kudu digunakeun saperluna. Maksudna, lamun di tempat anu caang mah, urang teu kudu ngahurungkeun lampu.

Atawa bisa waé hidep ngingetan batur, bisi ninggalkeun istrikan anu hurung kénéh. Apan éta téh matak hambur kana listrik, jeung bisa nimbulkeun kahuruan. Hidep bisa nyieun stiker kawas kieu:

Kadé hilap mareuman istrikan.

Pék ayeuna hidep nyieun kalimah pikeun eusi stiker, kawas conto bieu. Teu kudu panjang-panjang, da anu penting mah babari kaharti maksudna. Anu kudu dijieun téh pilih waé salah sahiji.

1. Stiker pikeun ngingetan yén cai kudu digunakeun saperluna.
2. Stiker pikeun ngingetan bisi aya nu poho mareuman kompor.
3. Stiker pikeun ngajak hémat kana duit ku cara getol nabung.
4. Stiker pikeun ngajak hémat kana waktu, ulah dipiceunan teu puguh.
5. Stiker pikeun ngajak babaturan sangkan daék leumpang ka sakola.
6. Stiker pikeun ngajak apik kana barang, sangkan awét dipakéna.

Éta stiker anu dipilih ku hidep téh pék jieun sing alus. Kalimahna sing merenah. Alus pisan lamun ditulisna ku patlot gambar warna-warni, terus tapelkeun dina papan informasi di sakola hidep. Atawa bisa waé ditapelkeun dina tembok kelas ogé, asal sing rapih, jeung teu ngaruksak témbokna.

F. Ngapalkeun Jeung Latihan Kabeungharan Kecap

Yu, urang ngapalkeun jeung latihan!

Dina bacaan aya sawatara kecap anu rék diterangkeun hartina. Pék ku hidep baca sing telik, terus pigawé latihanana.

1. wawaran = pengumuman

Ajakan sangkan urang hémat téh sok aya anu ditepikeun ngaliwatan rupa-rupa wawaran.

Eusian kalimah di handap ku kecap ngawawarkeun jeung diwawarkeun.

- a. Béja yén isukan mimiti puasa _____ ku pangurus masjid.
- b. Ibu Ketua PKK _____ yén balita kudu dibawa ka Posyandu.

2. ngagimbung = nangtung padareukeut,

Biasana mah bari aya anu ditempo

Méméh bél asup, barudak ngagimbung hareupeun papan informasi.

Eusian kalimah di handap ku kecap ngantay, ngariung, jeung ngumpul.

- a. Anu rék miluan gerak jalan geus _____ di hareupeun kantor kacamatan.
- b. Lamun keur loba nu setor duit, di bank téh wayahna kudu _____.
- c. Anu kerja bakti keur dahar _____ dina émpér masjid.

3. dipedar = diterangkeun

Sanggeus murid arasup ka kelas, anu pangheulana dipedar ku Pa Guru téh ngeunaan poster anu cikénéh dibaraca ku barudak.

Eusikeun kecap *medar* jeung *pedaran* kana kalimah di handap.

- a. Unggal malem Saptu, dina radio sok aya _____ ngeunaan basa Sunda.
- b. Dalang wayang golék rék _____ lalakon Barata Yuda.

4. sakumna = sakabéh

Ku kituna, sakumna bangsa di ieu dunya, dina poé ayeuna téh babarengan miélingna.

Eusikeun kecap sawaréh, saeutik, jeung saayana kana kalimah di handap.

- a. Buah anu diala téh ngan _____ sabab lolobana aratah kénéh.
- b. Deungeun sangu téh cukup _____ waé, da rék meuli gé teu boga duit.
- c. Henteu kabéh geuning, murid anu latihan Pramuka téh ukur _____.

5. nyelengkeung = ujug-ujug ngomong

“Tapi masing teu aya bénsinan gé, éta mobil mogok téh tiasa maju, mun didorong mah, Pa,” Odéd nyelengkeung.

Pék ku hidep eusikeun kecap *ngagorowok*, *ngabarakatak*, jeung *ngaharéwos* kana kalimah di handap.

- a. Waktu nempo sapatuna sisirangan, manéhna langsung _____.
- b. Sakitu geus _____ ogé, angger teu kadéngéeun, da tempatna jauh.
- c. Tong tarik teuing ngomongna, geus waé _____ mun hayang kuéh mah.

G. Ngapalkeun jeung Latihan Ngeunaan Istilah Kadaharan

Yu, urang ngapalkeun jeung latihan!

Atuh barudak téh beuki ramé seuseurian, da arapaleun yén bala-bala jeung géhu téh kabeuki Odéd.

Naon ari nu dimaksud bala-bala jeung géhu? Ah tangtuna gé hidep geus arapal. Apan éta téh ngaran kadaharan sapopoé. Di sakola gé biasana sok aya nu dagangna.

Kadaharan téh loba rupana. Tangtu rasana ogé rupa-rupa. Kumaha ari ngasakanana? Jih, nya béda-béda atuh. Aya anu digoréng, diseupan, dikulub, dibeuleum, atawa disangray. Cik saha nu apal, naon bédana digoréng jeung disangray? Ari digoréng mah maké minyak. Mun anu disangray teu maké minyak.

Pék ku hidep kumpulkeun rupa-rupa ngaran kadaharan anu ngasakanana


- 1) **digoréng**: comro, kurupuk, _____
- 2) **disangray**: suuk, kopi, _____
- 3) **dibeuleum** dina open: bolu, roti, _____
- 4) **dibeuleum langsung dina areng**: saté, opak, _____
- 5) **diseupan**: sampeu, cau, _____
- 6) **dikulub**: jagong, hui, _____

Eusian ku kecap anu geus disayagikeun dina kolom katuhu.

1. Naha _____ téh mani lada, padahal céngékna ukur dua.
2. Kudu dina kastrol atuh mun rék nyieun _____ mah, Nyi.

a. goréngan

b. éskrim

- 
3. Leupeut mah didaharna kudu jeung _____ atuh.
 4. Ari kasebutna _____ mah pasti di tengahna molongo.
 5. Cing pangmeulikeun _____ rasa kadu ka warung.
 6. Najan teu maké gula, _____ téh rasana amis.
 7. Isuk-isuk téh manéhna sok sasarap ku _____.
 8. Anu disebut _____ téh singgetan tina oncom di jerona.
 9. Roti tawar mah biasana sok diulasan ku _____.
 10. Keur panas poé kieu mah ngeunahna nginum _____.

c. rujak

d. peuyeum

e. donat

f. liwet

g. sirop

h. mantéga

i. comro

j. sangu goréng

Pangajaran

3

SILIH PIKANYAAH PAPADA MAHLUK

Sumber: www.kaskus.co.id

Urang maca dongéng. Enya, kawas ti heula-heula, méméh hidep ka kelas opat. Carita dina dongéng, najan ukur karangan, tapi matak resep. Jaba deuih dina dongéng téh sok aya naséhat, atawa caritana bisa dijieun eunteung, sangkan urang bisa milih, mana laku lampah anu bener, jeung mana anu teu bener. Geura ayeuna pék ku hidep baca dongéng lalakon Aki Dipa.

A. Ngabandungan Dongéng

Ayeuna urang ngabandungan dongéng. Resep geura. Dongéng tikukur jeung éngang silih tulungan, ngagambarkeun sikep silih pikanyaah di antara papada mahluk.

Anu ngalalakon dina dongéng téh teu salawasna jalma, tapi deuih bangsa sasatoan. Da ngaranna ogé dongéng, éta sasatoan téh sok barisaeun nyarita kawas urang.

Pék baca heula dina jero haté, sing tepi ka katangkep eusina. Geus kitu pék ku salah saurang baca di hareupeun kelas, barandungan ku anu séjén.

TIKUKUR JEUNG ÉNGANG

Kepluk éngang ragrag kana cai, awakna nangkarak. Atuh puguh waé teu bisaeun deui hiber. Gawéna ngan roroésan, bari jangjangna kekeleperan, sangkan teu titeuleum. Tapi lila-lila mah éta éngang teh ngarasa ripuh, komo deui sanggeus jangjangna beuki baseuh mah. Manéhna geus ampir-ampiran ngerelep.

Sabot kitu, jol aya tikukur ka lebah dinya. Waktu nénjo éngang keur kekeleperan dina cai, tikukur gancang macok régang, terus disodorkeun ke lebah éngang.

“Sok tah, muntang kana régang,” ceuk tikukur.



Éngang rikat ngaranggeum régang, terus ngarayap, ngajauhan beungeut cai. Ku tikukur gancang dibawa ka darat, da bisi ragrag deui ka cai.

“Nuhun, Ki Silah,” omong éngang. “Kuring geus ditulungan ku anjeun. Cacak mun bieu teu gancang-gancang disodoran régang mah, meureun kuring téh geus tikerelep. Teuing kudu kumaha kuring males kahadéan Ki Silah.”

“Ah, kuring mah teu miharep balesan,” walon tikukur. “Kapan ari silih tulungan téh kawajiban urang. Mun aya batur keur meunang kasusah, ku urang wajib ditulungan samampuhna.”

“Enya, sakali deui kuring ngahaturkeun nuhun,” omong éngang. Geus kitu mah keleper deui wé hiber.

Dina hiji poé, tikukur keur eunteup dina dahan bari ngelak disada, “Tikukur ... guk. Tikukur ... guk, guk.”

Tikukur teu apaleun yén di handapeun tangkal aya paninggaran keur ngintip. Bedil mimisna geus dikokang, ngan kari ngabekaskeun. Malah kucubung bedil téh geus dilelempeng kana dada tikukur.

Sabot kitu, éngang anu kungsi ditulungan ku tikukur hiber ka lebah dinya. Barang nénjo tikukur keur diintip pati, teu antaparah deui éngang ngawahan, terus nyeureud ka paninggaran anu keur ngadodoho tikukur. Pelatak, tarang paninggaran téh diseureud. Kacida waé reuwaseunana, tepi ka bedilna ragrag. Tarangna karasa nyeri mani pohara. Kangaranan diseureud éngang téa, keur panas jeung peurih téh, nyanyautan deuih, sarta bareuh saharita.

Barang ngadéngé aya nu ngaguluprak, tikukurasakagebah, terus hiber tina dahan. Bréh katénjo aya paninggaran keur ngusapan tarangna



anu bareuh, bari di gigireunana aya bedil ngagolér. Atuh tég waé tikukur nyangka yén dirina cikénéh tas didodoho rék dibedil. Tapi, ku naon bedilna ujug-ujug ragrag, bari tarang paninggaran téh bancunur?

Tikukur kakara nyahoeun naon anu jadi sababna sanggeus nempo éngang keur hihiberan. Pasti éta paninggaran téh diseureud ku éngang. Tuluy waé tikukur hiber nyampeurkeun éngang.

“Nuhun, anjeun geus nulungan kuring,” ceuk tikukur.

“Ih, apan urang téh wajib silih tulungan,” témbal éngang.

B. Nganggeuskeun Kalimah Dumasar Eusi Dongéng

Kumaha, ramé dongéng *Tikukur jeung Éngang* téh?

Tapi, ari dongéng mah da lain ukur raména wungkul. Aya anu penting dina dongéng, nyaéta méré gambaran pikeun dijadikeun eunteung. Tah, hal éta aya dina dongéng tikukur jeung éngang.

Sangkan hidep paham kana eusi éta dongéng, pék ku hidep anggeuskeun kalimah di handap. Eusina téh patali jeung eusi dongéng anu bkieu ku hidep dibandingan.

1. Éngang téh teu bisaeun hiber, sabab ragrag kana cai, bari awakna _____.
2. Éta éngang téh ukur bisa kekeleperan jeung rooroésan, sangkan _____.
3. Jol tikukur, terus nulungan éngang nu keur dina cai, ku cara _____.
4. Hiji poé, tikukur keur eunteup dina dahan, bari _____.
5. Tikukur teu apaleun yén di handapeun tangkal aya _____.
6. Untung kaburu datang éngang, sarta terus _____.
7. Paninggaran ku éngang diseureud, tepi ka _____.
8. Tikukur asa kagebah, terus hiber, sabab _____.
9. Pangna éngang nulungan tikukur téh, sabab _____.
10. Éta dongéng ngébréhkeun kumaha wajibna urang _____.

C.**Maca Bedas**

Yu, urang maca!

Carita dina dongéng, najan ukur karangan, tapi matak resep. Jaba deuih dina dongéng téh sok aya naséhat, atawa caritana bisa dijieun eunteung, sangkan urang bisa milih, mana laku lampah anu bener, jeung mana anu teu bener. Geura ayeuna pék ku hidep baca dongéng lalakon Aki Dipa.

Dina ieu dongéng digambarkeun jalma anu laku lampahna bener jeung anu sabalikna, ukur ngarugikeun batur. Tapi dina ahirna mah éta jalma anu sok ngarugikeun batur téh jadi cilaka, lantaran ku polahna sorangan.

KI DIPA DIPEGAT BÉGAL



Aki Dipa téh jalma jujur. Tara codéka, jeung salawasna pengkuh kana jangji. Éta pangna ku dununganana dipercaya.

Hiji poé, Aki Dipa balik ti kota, tas dititah nagihan duit ku dununganana. Kaitung jauh inditna téh, jaba kudu leumpang, da jaman harita mah masih kénéh langka kendaraan. Nya ku sabab éta, Aki Dipa kaburitan di jalan. Manéhna ngarasa salempang jeung degdegan, sabab loba mawa duit hasil nagihan.

Komo waktu kudu ngaliwat ka jalan anu suni mah. Mindeng kabéjakeun di dinya téh sok aya bégál. Aki Dipa teu neger-neger dirina sorangan, bari ngadunga ka Gusti Alloh, sangkan salamet.

Dasar geus nasibna kudu kitu, bet teu ku hanteu Aki Dipa pasanggrok jeung bégál. Puguh waé reuwaseun pisan. Sok sieun éta bégál ngarampas duit bari ngarogahala. Najan ukur saurang, tapi éta bégál téh mawa péstol.

Enya waé éta bégál téh ngahalangan liliwatan, terus ngacungkeun péstol.

“Eureun! Lamun hayang salamet, peupeujeuh silaing ulah ngalawan, jeung éta babawaan silaing pasrahkeun ka déwék!” ceuk bégál.

Aki Dipa kasima. Pamohalan mun ngalawan, sabab Aki Dipa ukur mawa bedog, ari bégál nodongkeun péstol. Moal kaburu lumpat deuih, da tangtuna ogé bakal ditémbak.

“Gancang siah pasrahkeun babawaan silaing!” ceuk bégál deui.

“Abdi mah teu ngabantun nanaon, Juragan Bégál,” walon Aki Dipa ngadégdég.

“Tong ngabohong! Ari éta, siah. Aing gé nyaho, sia mawa duit.”

“Sanés artos abdi, Juragan. Ieu mah artos dunungan abdi,” témbal Aki Dipa.

“Teu paduli masing duit boga sasaha gé. Pokona, kudu dipasrahkeun ka déwék, ayeuna. Yeuh, deuleu ku silaing, déwék mawa péstol! Silaing hayang kojor?”

Sajeroning kitu, Aki Dipa néangan akal sangkan salamet. Bet dumadakan Gusti Alloh mukakeun jalan. Pok Aki Dipa ngomong:

“Kieu waé atuh, Juragan Bégál, ku margi ieu téh artos kagungan dunungan abdi”

“Heueuh, nyaho déwék gé!” bégál megat kalimah. “Rék kumaha maksud silaing téh? Buru geura caritakeun!”

“Artos mah mangga ku abdi badé disanggakeun ka Juragan, tapi abdi kedah gaduh buktos kanggo ka dunungan,” témbal Aki Dipa.

“Hayang bukti naon silaing téh?”

“Baju abdi kedah dipéstolan sing dugi ka karancang, kanggo engké buktos ka dunungan abdi.”

“Babari ari kitu mah. Gancang baju silaing laan, terus gantungkeun dina dahan.”

Aki Dipa ngalaan bajuna, terus digantungkeun dina dahan sakumaha ceuk panuduhan bégal. Geus kitu mah jedor-jedor waé éta baju téh dipéstolan sababaraha kali.

Teu lila, bégal téh eureun méstolanana.

“Teraskeun témbak atuh, supados baju abdi karancang pisan,” ceuk Aki Dipa.

“Moal bisa. Geus waé karancangna sakitu,” témbal bégal.

“Naha, Juragan?” Aki Dipa nanya.

“Pélorna béak,” témbal bégal deui.

“Tah, mun kitu mah, hayu ayeuna urang gelut jeung déwék!” ceuk Aki Dipa bari mesat bedog.

Puguh waé ayeuna tibalik, jadi bégal anu ngarasa reuwas jeung sieun. Ngan deregdeg waé bégal téh lumpat mani tipaparétot, sabab sieuneun dikadéng ku Aki Dipa.

Alhamdulillah, Aki Dipa salamet, najan bajuna karancang ku pélor.

D. Ngadiskusikeun Eusi Dongéng

Yu, urang diskusi!

Tah kitu lalakon Aki Dipa téh. Dina keur nyanghareupan kaayaan anu pibahayaeun, tapi manéhna mampuh ngagunakeun akalna. Antukna bégal anu rék ngarogahala téh terus kabur. Naha bet kitu? Hayu urang diskusikeun.

Carana mah pék ku hidep jawab pananya di handap.

1. Naon pangna Aki Dipa disebut jalma jujur?
2. Waktu balik ti kota, naha bet kaburitan di jalan?
3. Naon anu ngalantarankeun Aki Dipa salempang?

4. Kumaha sikep Aki Dipa waktu pasanggrok jeung bégal?
5. Naon sababna bégal téh henteu langsung dilawan?
6. Kumaha omongan Aki Dipa ka bégal méméh mikeun duit nu dibawana?
7. Naon sababna bégal téh bet langsung nyanggupan paménta Aki Dipa?
8. Kumaha akibatna sanggeus bégal béakeun pélor?
9. Kumaha ahirna nasib Aki Dipa téh?
10. Ceuk pamanggih hidep, nah Aki Dipa téh kaasup jalma wanian?

E. Metakeun Paguneman dina Dongéng

Yu, urang metakeun paguneman!

Dina éta dongéng aya paguneman anu alus pisan mun ku hidep dipetakeun di hareupeun kelas. Omongan Aki Dipa jeung bégal urang susun heula kana téks paguneman kawas dina naskah drama. Pék ku hidep baca heula, terus petakeun.

Sing jiga nya, dina metakeunana téh.

BÉGAL : “Eureun! Lamun hayang salamet, peupeujeuh silaing ulah galawan, jeung éta babawaan silaing pasrahkeun ka déwék! Gancang siah pasrahkeun babawaan silaing!”

AKI DIPA : “Abdi mah teu ngabantun nanaon, Juragan Bégal.”

BÉGAL : “Tong ngabohong! Ari éta, siah. Aing gé nyaho, sia mawa duit.”

AKI DIPA : “Sanés artos abdi, Juragan. Ieu mah artos dunungan abdi.”

BÉGAL : “Teu paduli masing duit boga sasaha gé. Pokona, kudu dipasrahkeun ka déwék, ayeuna. Yeuh, deuleu ku silaing, déwék mawa péstol! Silaing hayang kojor?”

AKI DIPA : “Kieu waé atuh, Juragan Bégal, ku margi ieu téh artos kagungan dunungan abdi”

BÉGAL : “Heueuh, nyaho déwék gé! Rék kumaha maksud silaing téh? Buru geura caritakeun!”

AKI DIPA : “Artos mah mangga ku abdi badé disanggakeun ka Juragan, tapi abdi kedah gaduh buktos kanggo ka dunungan.”

BÉGAL : “Hayang bukti naon silaing téh?”

AKI DIPA : “Baju abdi kedah dipéstolan sing dugi ka karancang, kanggo engké buktos ka dunungan abdi.”

BÉGAL : “Babari ari kitu mah. Gancang baju silaing laan, terus gantungkeun dina dahan.”

(Aki Dipa ngalaan bajuna, terus digantungkeun dina dahan sakumaha ceuk panuduhan bégál. Geus kitu mah jedor-jedor waé éta baju téh dipéstolan sababaraha kali. Teu lila, bégál téh eureun méstolanana.)

AKI DIPA : “Teraskeun témbak atuh, supados baju abdi karancang pisan.”

BÉGAL : “Moal bisa. Geus waé karancangna sakitu.”

AKI DIPA : “Naha, Juragan?”

BÉGAL : “Pélorna béak.”

AKI DIPA : “Tah, mun kitu mah, hayu ayeuna urang gelut jeung déwék!”

(Aki Dipa mesat bedog. Bégál ngarasa reuwas jeung sieun. Ngan deregdeg waé bégál téh lumpat mani tipaparétot, sabab sieuneun dikadéék ku Aki Dipa.)

F. Ngadongéng di Hareupeun Batur Sakelas

Yu, urang ngadongéng!

Pék ku hidep apalkeun dongéng tikukur jeung dongéng Aki Dipa téh. Geus kitu terus dongéngkeun deui di hareupeun batur sakelas. Ngadongéngna teu kudu rusuhan, sing salsé waé, nya.

Salian ti éta, hidep kudu néangan dongéng séjénna. Éta mah rék naon waé lalakonna. Hidep bisa néangan tina buku bacaan basa Sunda, tina majalah, tina koran, atawa tina internét. Bisa waé deuih

hidep ménta dongéng ka apa, ka ibu, ka lanceuk, ka emang atawa bibi, jeung ka saha waé anu sakirana bogaeun dongéng. Pék ku hidep catetkeun, terus baca di hareupeun batur sakelas.

G. Ngapalkeun Kabeungharan Kecap

Yu, urang ngapalkeun!

Dina dongéng anu bieu dibaca ku hidep anu nyekel lalakon téh dua jenis sato, nyaéta éngang jeung tikukur. Hidep nyaho, sato naon éta téh?

Éngang téh kaasup kana insékta atawa serangga, sagolongan jeung nyiruan. Éngang basa Indonésiana tawon, ari nyiruan mah lebah. Bédana, éngang leuwih gedé batan nyiruan, jeung nyeureudna leuwih matih, tepi ka matak jadi bareuh jeung nyeri nyanyautan.

Nyiruan sok diala maduna. Éta pangna sok dikukut ogé, da ngahasilkeun. Béda jeung éngang, tara aya anu pirajeunan ngukut. Sajaba ti nyiruan, anu sok diala maduna téh nyaéta odéng jeung teuweul.

Insékta téh loba rupana. Geura waé aya jangkrik, kasir, gaang, simeut, kukupu, congcorang, siraru, bangbara, papanting, légé, bangbung, papatong, kungkang, turaés, jeung tonggérét.

Naon ari tikukur? Ah, jigana ti antara hidep loba nu geus apal. Tikukur téh kaasup kana golongan manuk, warna buluna abu-abu, awakna leuwih leutik ti japati. Tikukur sok dikukut pikeun diarah sorana.

Manuk téh loba pisan jenisna. Geura urang tataan sawatara di antarana.

1. Manuk anu ilahar dikukut: japati, titiran, puter, kéрак, jalak, béo, kanari, galatik, ékéék, bincarung, ciplék, cangkurileung, jeung titimplik.
2. Manuk anu hirupna di sawah atawa di ranca: bango, waliwis, karéo, hahayaman, jeung buka upih.
3. Manuk anu sok ngadaharan deui manuk atawa sato laleutik lianna: heulang, bueuk, jeung alap-alap.

4. Manuk anu geus kaasup kana golongan sato langka: rangkong jeung julang.
5. Manuk anu sok diarah sayangna pikeun bahan kadaharan: walét jeung kapinis.
6. Manuk anu sok diarah endogna: puyuh.

Rupa-rupa manuk anu bieu ditataan téh pék ku hidep téangan gambarna atawa potrétna. Hidep bisa néangan dina koran, majalah, buku, atawa internét. Éta gambar atawa potrét manuk téh bawa ka sakola, terus bahas babarengan jeung batur sakelas.

Tah ayeuna pék ku hidep apalkeun rupa-rupa kabiasaan sato pikeun ngabéla dirina, biasana mah lamun aya anu ngaganggu.

1. Éngang sok nyeureud. ⇒ ngagunakeun seuseureud
2. Soang sok ngalodok. ⇒ ngagunakeun pamatuk
3. Oray sok macok. ⇒ ngagunakeun sungut
4. Ucing sok ngoét. ⇒ ngagunakeun kuku
5. Hayam sok ngabintih. ⇒ ngagunakeun jangjang
6. Sireum sok ngégél. ⇒ ngagunakeun sungut
7. Reungit sok nyoco. ⇒ ngagunakeun panyoco
8. Domba sok neunggar. ⇒ ngagunakeun tanduk
9. Munding sok ngagadil. ⇒ ngagunakeun tanduk
10. Lélé sok matil. ⇒ ngagunakeun pamatil
11. Kuda sok néjéh. ⇒ ngagunakeun suku
12. Buhaya sok nyapluk. ⇒ ngagunakeun sungut
13. Heulang sok ngaranggeum. ⇒ ngagunakeun ramo
14. Maung sok ngerekeb. ⇒ ngagunakeun sungut
15. Monyét sok nyakar. ⇒ ngagunakeun ramo

Dina dongéng tikukur jeung éngang aya kalimah kieu:

Tikukur teu apaleun yén di handapeun tangkal aya paninggaran keur ngintip.

Hidep apal nu dimaksud paninggaran? Tah, paninggaran téh nyaéta tukang moro sasatoan, pakakasna ngagunakeun bedil. Lamun tukang moro sasatoan ngagunakeun tumbak disebutna pamatang.

Aya deui istilah séjén anu nerangkeun kagiatan atawa kaahlian patali jeung sasatoan, di antarana:

1. malim = ahli ngalilindeuk sato galak, tepi ka bisa bageur jeung nurut (basa Indonésiana pawang), upamana malim maung, malim buhaya, atawa malim bagong
2. sarati = ahli ngalilindeuk gajah, sarua deuih sangkan jadi nurut
3. palika = ahli teuleum di leuwi, biasana dina kagiatan ngala lauk
4. pamayang = ahli ngala lauk di laut

H. Ngantebkeun Kalimah

Ngan deregdeg waé bégal téh lumpat mani tipaparétot.

Kana kalimah di luhur tangtu hidep wawuh. Dina naon cing ayana? Tah enya, dina dongéng Aki Dipa téa. Kacipta nya, éta bégal lumpatna, ngaderegdeg jeung tipaparétot. Maksudna mah lumpat satakerna sabab aya anu dipikasiaeun.

Pék geura ku hidep bandingkeun kalimah di handap, tangtu bakal karasa béda:

Éngang ragrag kana cai, awakna nangkarak.

Kepluk éngang ragrag kana cai, awakna nangkarak.

Bédana téh nyaéta kalimah anu kadua mah karasana leuwih anteb, sabab dimimitian ku kecap kepluk.

Geura ayeuna urang baca deui conto kalimah anu kawas kitu.

1. a) Sanggeus asup ka kelas, manéhna diuk dina korsi.
b) Sanggeus asup ka kelas, gék manéhna diuk dina korsi.

2. a) Undang naék kana tangkal jambu mani bangun babarieun.
b) Téréké! Undang naék kana tangkal jambu mani bangun babarieun.
3. a) Karék gé datang ti sakola, manéhna dahar.
b) Karék gé datang ti sakola, celebek manéhna dahar.
4. a) Najan jiga asa-asa, tapi ahirna Wéni ngomong.
b) Najan jiga asa-asa, tapi ahirna pok Wéni ngomong.
5. a) Gancang atuh geura pigawé tugas ti sakola téh.
b) Gancang atuh geura prak pigawé tugas ti sakola téh.
6. a) Japati téh dibalédog, atuh terus waé hiber.
b) Belewer japati téh dibalédog, atuh geleber terus waé hiber.
7. a) Nunung mandi rurusuhan, terus maké baju.
b) Brus Nunung mandi rurusuhan, terus rap maké baju.
8. a) Surat téh ditulis, terus dibikeun ka sobatna.
b) Surat téh trét ditulis, terus song dibikeun ka sobatna.
9. a) Useup téh dialungkeun ka balong, teu lila laukna beunang.
b) Lung useup téh dialungkeun ka balong, teu lila giriwil laukna beunang.
10. a) Karék gé ngahurungkeun komputer, tapi listrikna pareum.
b) Karék gé cetrék ngahurungkeun komputer, tapi pes listrikna pareum.

I. Migawé Pancén di Imah

Kalimah nu aya di handap, pék ku hidep antebkeun, kawas dina conto bieu. Hidep nyieun heula kelompok. Tah engké hasil pagawéan hidep téh pék badamikeun jeung batur sakelompok. Geus kitu terus pedar babarengan di kelas.

Kelompok 1

1. Sanggeus dihirupan, mobil téh _____ maju lalaunan.
2. Palebah lampu setopan, _____ kendaraan téh eureun.
3. Beurit téh ngan _____ waé diteunggeul ku gagang sapu.

4. Teu kungsi lila _____ lampu di tepas hurung ngempray.
5. Saban asar, di dieu sok _____ waé hujan tepi ka magrib.
6. Ngan gebut waé manéhna _____ tina tangkal kérsen.
7. Cekit béca téh _____, tapi angger wé nabrak pager.
8. Cur Yanti téh _____ cai tina téko kana gelas pelastik.
9. Ngong Ustad Entis _____, da geus datang waktu lohor.
10. Tabuh salapan peuting ogé manéhna mah geus reup _____.

Kelompok 2

1. Ngan _____ waé Maman téh ngajleng ka peuntas kidul.
2. Rebun-rebun kénéh gé _____ arindit, da sieun kabeurangan.
3. Ngan _____ waé dibedil manuk téh, tapi henteu keuna.
4. Parahu keretas dina balong ujug-ujug _____ teuleum.
5. Tungtungna mah HP butut téh _____ waé dialungkeun.
6. Manéhna ujug-ujug kalacat _____ kana luhur méja makan.
7. Serebet Dudung _____ ka kulon rék nyusul lanceukna.
8. Ari ditéangan mah goréhél waé _____ geulang téh.
9. Kabel listrik téh kacabak, jedud _____ mani reuwas.
10. Teu dihaja, cangkir téh ragrag kadupak, pré waé _____.

Pangajaran

4

DISIPLIN,
JUJUR, JEUNG
TANGGUNG
JAWAB DINA
PAGAWÉAN



Anu disebut pagawéan téh loba rupana. Kitu deui hasil katut mangpaatna. Mangpaat keur nu migawéna, jeung mangpaat pikeun nu lian. Satungtung teu méngpar tina aturan, sarta dipigawéna dibarung ku ikhlas, nu disebut pagawéan téh taya nu hina.

A. Maca Bedas

Yuk, urang maca!

Pék ku hidep baca sing bedas. Tapi kadé ulah bari rusuh, jeung lentongna sing bener.

TUKANG MULUNG



Sumber: jurnalbidandiah.blogspot.com

Ayeuna mah beuki loba waé nu sok nginum cai mineral téh. Geuning ngarah babari, nyebutna téh cukup ku “akua” waé, atawa sok aya nu ditambahan jadi “cai akua”. Padahal mérekna téh rupa-rupa.

Anu disebut cai mineral téh umumna diwadahan kana botol atawa gelas pelastik. Mun urang halabhab, kari meuli wé ka warung. Caina langsung diinum. Tah, ari wadahnya kumaha? Nya dipiceun waé kana wadah runtah. Malah sakapeung mah sok dialungkeun ka mana waé. Teu kurang-kurang anu dialungkeun tina kendaraan anu keur maju gé. Kitu peta téh salah kacida, sabab lain waé matak jadi bala, tapi deuih bisa nyilakakeun batur.

Geura pék ilikan di sisi jalan, di terminal, di setatsion, atawa di tempat anu tas aya raraméan, biasana sok loba runtah botol jeung gelas plastik urut cai mineral. Matak sareukseuk. Balatak pacampur jeung runtah lianna. Lamun aya hujan, atuh terus kabawa palid ka solokan, anu engkéna bisa nyababkeun solokan jadi mendet. Mun solokan mendet, moal ka mana deui cai téh ari lain limpas ka jalan, atawa ka buruan. Komo deui apan ari plastik mah teu bisa ancur. Teu kawas runtah keretas atawa dangdaunan anu gancang buruk.

Untungna téh sok aya tukang mulung. Plastik urut wadah cai mineral téh sok diparulungan, terus engkéna dijual ka bandarna. Tangtu waé pikeun manéhna mah jadi sumber kahirupan. Cacak mun euweuh tukang mulung, teu kasawang bakal kumaha ngahunyudna runtah plastik. Lingkungan téh meureun beuki kotor waé, sabab loba polusi runtah.

Tukang mulung téh gedé jasaana, sanajan sok aya anu nganggap hina. Padahal saenyana teu kitu. Ari pagawéan mah kabéh gé mulya, asal dipilampah dina jalan bener, tur henteu ngarugikeun batur. Najan ukur gawé kasar, tapi lamun ngadatangkeun maslahat mah, teu kaasup kana gawé hina. Sabalikna, lamun pagawéan urang ngarugikeun batur, éta téh kaasup gawé hina.

Teu kurang-kurang tukang mulung gé anu jujur. Lamun manéhna rék mulung barang pamiceunan di buruan urang, sok permisi heula. Atuh dina enggeusna sok ngucapkeun nuhun. Anu kitu ku urang wajib diajénan.

B. Ngabandungan Pedaran

(Ditepikeun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu, urang ngabandungan!

Anu bieu dibaca ku hidep téh nembrakkeun hiji kanyataan yén aya paripolah urang anu ngalantarankeun lingkungan jadi kotor. Urang sakapeung sok miceun runtah ka mana waé, upamana gelas atawa botol plastik urut cai mineral. Urang teu sadar yén kitu peta téh matak nimbulkeun polusi.

Untungna téh aya tukang mulung anu sok nyokotan barang pamiceunan, kaasup pelastik urut. Ku manéhna mah éta barang nu geus teu kapaké téh bisa dijual ka bandar anu nampungna. Pelastik urut engkéna diolah deui jadi barang séjén.

Anu disebut tukang mulung, katempona mémang rudin. Henteu garinding kawas pagawé kantor, misalna. Manéhna ngajingjing atawa manggul karung keur wadah barang rongsokan, atawa aya ogé anu mawa roda. Ti isuk-isuk tepi ka pasosoré aprak-aprakan mapay jalan jeung gang, ngungkaban tempat runtah, néangan barang pamiceunan anu sakirana payu dijual.

Kadé, pagawéan mulung rongsokan téh henteu hina. Mana komo mun urang wani ngahina ka tukang mulung mah, kudu dipahing pisan. Goréng mun urang tepi ka kitu peta téh. Manéhna kudu diajénan, najan papakéanana henteu mantes, atawa kalotor.

Lain ngan ka tukang mulung anu ulah dianggap hina téh. Pagawéan séjénna ogé sarua mulya, satungtung dipilampah dina jalan bener, jeung teu ngarugikeun batur. Anu dimaksud bener di dieu téh henteu ngarempak aturan agama jeung hukum nagara.



Pagawéan téh rupa-rupa. Aya patani anu sapopoéna molah sawah jeung ngurus kebon. Aya deuih anu ngurus sasatoan pikeun diarah hasilna. Aya pamayang anu sok ngala lauk di laut. Aya padagang anu pagawéanana jual-beuli barang atawa balantik. Aya pagawé pabrik, supir angkot, tukang ojég, atawa buburuh jadi kuli kasar. Aya deuih anu pagawéanana sasapu meresihan jalan, disebutna pasapon.

Lian ti éta, aya deuih nu jadi pagawé nagri sipil, aya nu jadi pulisi atawa tentara, jeung rupa-rupa deui. Masing-masing boga tugas jeung tanggung jawab. Tugas Ibu jeung Bapa Guru nyaéta ngajar sangkan muridna palinter. Cing pék sebutkeun, naon ari tugas Bapa Pulisi?

Rék pagawéan naon baé, anu penting mah dipigawéna kudu iklas. Sakali deui kahadé, pagawéan anu kudu dijauhan téh nyaéta anu ngalanggar hukum, mana komo mun tepi ka matak ngarugikeun batur. Jalma anu kitu peta bakal meunang wawales atawa hukuman, boh di dunya boh di ahérat.

C. Ngadiskusikeun Rupa-Rupa Pagawéan jeung Kaahlian

Yu, urang diskusi!

Ayeuna urang jieun deui kelompok. Tangtu wae sakur anggota kelompok kudu rajin jeung kompak. Hasil gawé hidep téh pék diskusikeun jeung babaturan sakelompok, terus engkéna dibahas babarengan jeung batur sakelas.

Pék ayeuna ku hidep tanyakeun ka ibu atawa ka apa, ka lanceuk, atawa ka saha waé. Téangan katerangan anu patali jeung rupa-rupa pagawéan atawa kaahlian. Catetkeun sing tétéla.

Kelompok 1

1. Naon ari tugas utama masinis, pilot, jeung nakoda?
2. Ari nu tugasna di sakola saha waé?
3. Ari anu tugasna di rumah sakit saha waé?
4. Naon ari tugas utama wartawan?

Kelompok 2

1. Ari hakim jeung jaksa di mana tugasna?
2. Naon ari tugas utama wasit?
3. Naon disebutna ari ahli ngagambar?
4. Saha waé anu tugas utamana patali jeung jual-beuli?

Kelompok 3

1. Ari anu tugasna di bank saha waé?
2. Naon ari tugas utama juru potrét?
3. Tugas naon waé nu dipigawé di posyandu?
4. Naon ari tugas tukang parkir?

Kelompok 4

1. Saha waé anu tugasna di kantor kalurahan?
2. Naon ari tugas utama mantri kaséhatan?
3. Naon disebutna anu tugasna nganteurkeun surat?
4. Naon tugasna ari tukang cukur jeung tukang ngaput?

D. Nyusun Kalimah

Dina kahirupan urang Sunda, pagawéan atawa kaahlian téh rupa-rupa. Anu ahli dina nyieun barang upamana panday, panjunan, atawa tukang bas. Anu pagawéanana patali jeung ngadidik upamana guru atawa kiyai. Anu kaahlianana patali jeung sato upamana malim, kusir, atawa joki. Anu kaahlianana patali jeung kasenian upamana nayaga, sindén, dalang, atawa pangarang.

Geura urang pedar hiji-hijina, terus ku hidep susun kalimahna anu kecapna geus disayagikeun. Ilikan heula contona.

1. panday = ahli nyieun barang tina beusi, kayaning péso, bedog, pacul, jsb.

di dieu – panday – jieunan – ka mamana – kawentar – bedog

Bedog _____

Bedog jieunan panday di dieu kawentar ka mamana.

2. panjunan = ahli nyieun gagarabah atawa barang tina taneuh liket, kayaning pariuk, pendil, céngcéléngan, jsb.
panjunan – nyieunan – anu – céngcéléngan – di Pléréd - loba
Di Pléréd _____.
Di Pléréd loba panjunan anu nyieunan céngcéléngan.
3. tukang bas = ahli nyieun imah, utamana anu bahanna tina kai aralus – tangtu – tukang bas – imah – jieunan – kasohor
Imah _____.
4. béngkél = ahli ngoméan bangsaning mesin atawa barang éléktronik
dioméan – ka béngkél – rék – mogok – motor – dibawa
Motor _____.
5. koki = ahli nyieun pasakan
mévah – koki – di Surabaya – jadi – bapana – réstoran
Bapana _____.
6. kiyai = pamingpin atawa sesepuh pasntrén, ahli ngadidik santri nepungan – anu – kiyai – naséhat – ménta – rék – loba
Loba _____.
7. kusir = ahli ngadalikeun kuda anu narik déلمان atawa sado déلمان – wisata – kusir – di tempat – seragam – baju - maraké
Kusir _____.
8. joki = ahli numpakan kuda balap
joki – kuda – arungghah – kana – rék – dibalapkeun – anu
Joki _____.
9. nayaga = ahli nabeuh gamelan
nayaga – pagelaran – di panggung – dariuk – geus – para
Para _____.
10. dalang = ahli ngalalakonkeun jeung ngigelkeun wayang sapeuting – wayang – dipedar – ku dalang – carita – jeput
Carita _____.

11. sindén = ahli ngawih, upamana dina pagelaran wayang atawa degung
ceuli – sindén – genah – matak – kana – kadéngéna – sora
Sora _____.
12. pangarang = ahli nyieun carita
hayang – pangarang – Darpan – guruna – jadi – nurutan
Darpan _____.

E. Nyusun Karangan

Ayeuna urang diajar nyusun karangan, jejerana ngeunaan pagawéan.

Di handap aya tulisan, genep alinéa, tapi tacan nyusun. Éta alinéa téh pék ku hidep susun jadi hiji karangan, tepi ka dibacana matak kaharti.

- (1) Tangtu waé dina digawé téh aya aturanana. Urang teu meunang ngarempak aturan agama, hukum nagara, jeung kabiasaan masarakat. Lamun ku urang dirempak, urang bakal meunang hukuman. Éta mah naha hukuman di dunya, atawa hukuman di ahérat.
- (2) Urang kudu digawé. Alloh ngawajibkeun manusa pikeun digawé. Maksud digawé di dieu téh nyaéta milampah naon-naon anu méré mangpaat pikeun dirina. Leuwih jauhna, méré mangpaat pikeun nu lian atawa balaréa.
- (3) Pagawéan téh loba rupana. Biasana patali jeung kaayaan di hiji daérah. Di lembur anu masih kénéh lega lahanna, pagawéan masarakatna téh lolobana kana tani, ngebon, atawa miara sasatoan. Masarakat anu matuhna teu jauh ti laut, lolobana jadi pamayang. Di lingkungan sabudeur pasar, masarakatna loba anu jadi padagang. Di daérah industri, lolobana jaradi pagawé pabrik.
- (4) Taya pagawéan anu hina. Satungtung teu salah ceuk aturan, méré mangpaat, jeung dipigawéna kalayan ikhlas, éta pagawéan téh bakal dipandang mulya. Jalma anu migawéna bakal meunang ganjaran ti Gusti Alloh.

- (5) Hasil tina pagawéan téh ngalantarankeun urang bisa hirup. Dina digawé téh urang ngagunakeun akal, rasa, jeung tanaga. Pangabutuh sapopoé ngan bisa dicumponan mun urang digawé.
- (6) Salian ti éta, aya deuih pagawéan anu patali jeung jasa. Guru upamana, pagawéanana téh patali jeung jasa dina widang pendidikan. Pulisi dina widang kaamanan. Dokter jeung jururawat dina widang kaséhatan. Jeung réa-réa deui.

F. Nganggeuskeun Karangan

Pék ku hidep anggeuskeun, tepi ka karangan anu aya di handap téh jelas maksudna. Hidep cukup nambahan saalinéa waé.

- (1) Terminal kendaraan angkutan umum téh aya di saban kota. Malah ayeuna mah di kacamatan gé aya. Di dinya loba jalma anu digawé pikeun nyiar kahirupan. Kabéh ogé penting pikeun masarakat.

- (2) Abdi kamari ka kantor pos, badé mésér perangko. Geuning anu didamel di kantor pos téh seueur, nya. Bagianana rupi-rupi, kitu deui tugasna ogé rupi-rupi. Sadaya padamel di kantor pos katingal sibuk.

- (3) Saban poé Ahad isuk-isuk, Tanti sok diajakan balanja ka pasar ku ibuna. Ari di pasarna keur heurin mah, balanja téh sok rada lila. Mangkaning sok mapay ka saban elos. Apan aya elos anu husus ngajual sayuran, aya elos daging, aya elos bungbu, jeung sajabana.

- (4) Urang Ciléngkrang Tonggoh loba anu ngukut sapi peres. Di dinya mah loba kénéh lahan anu dikebonan apanan. Jadi teu pati susah mun nyiar parab keur sapi téh. Malah aya anu ngahaja ngebon jukut sagala.

G. Ngalarapkeun Robahna Kecap

Pék geura ku hidep titénan conto di handap, aya kecap anu robah. Kecap buruh jadi buburuh, kecap sapu jadi sasapu. Hartina ogé tangtu béda.

Conto:

1. **buruh** → **buburuh**

Aya pagawé pabrik, supir angkot, tukang ojég, atawa buburuh jadi kuli kasar.

2. **sapu → sasapu**

Aya deuih anu pagawéanna jadi tukang sasapu meresihan jalan, disebutna pasapon.

Pigawé kawas conto bieu.

1. dupak → dudupak
Leumpang tong atuh, apan jalan téh lega.
2. bagi → babagi
Jalma béréhan mah resep rejeki, tara korét.
3. dasar → dadasar
Tukang dagang mimiti di pasar, ti tabuh lima.
4. garo → gagaro
Geura dicukur, ngarah teu waé sirah, Jang.
5. kodok → kokodok
Maman keur kana liang lélé di sisi balong.
6. kaput → kakaput
Mani lila anggeus baju nu saroéh ti tadi kénéh.
7. godeg → gogodeg
Manéhna ukur bisa waktu ban sapédana bitu.
8. tanya → tatanya
Gawéna ngan matak horéam ngajawabna.
9. sépak → sésépak
Ih ku naon nya kuda téh gawéna ngan waé?
10. létak → lélétak
Kadé anjing téh kana wawadahan, Nyai.

Conto:

1. bantu → babantu

Mang Idong keur babantu di nu hajat ngawinkeun.

2. cantél → cacantél

Geuning cacantél konci panto téh lésot, nya.

Pigawé kawas conto bieu.

1. bénténg → bébénténg

Gatotgaca boga jujuluk Nagri Amarta.

2. buntel → bubuntel

Mun usum caah, urang dieu sok , rék ngungsi.

3. gantél → gagantél

Alhamdulillah panitih emas téh kapanggih deui.

4. ganti → gaganti

Kudu nurut ka lanceuk, apan indung bapa urang.

5. jangkung → jajangkung

Ari dipakéna dina mah meujeuhna ali téh.

6. jantung → jajantung

Boga kasakit dina mah ulah dilalaworakeun.

7. manggul → mamanggul

Ti tatadi gawéna téh ngan karung dieusi bakatul.

8. pénta → pépénta

Ulah sok ka jalma pelit, da moal méré ieuh.

9. séngkéd → séséngkéd

Tanjakan anu leueur téh kudu maké geura.

10. suntrung → susuntrung

Dasar budak harak, ari keur ulin téh ngan waé.

Conto:

1. isuk → isuk-isuk

Saban poé Ahd isuk-isuk di lapang désa sok aya senam.

2. buru → buru-buru

Mun teu buru-buru dijait mah poé sapatu téh kahujanan.

Pigawé kawas conto bieu.

1. rupa → rupa-rupa

Di Pasar Baru mah tukang dagang aya, moal hésé néangan.

2. kira → kira-kira

Lamun ti Lembang leumpang ka Maribaya, sabaraha jam, nya?

3. hésé → hésé-hésé

Naha mani teuing migawé ieu sual téh, mani matak rieut.

4. enya → enya-nya

Lamun dipigawéna , bakal téréh anggeus geura ngarang téh.

5. lila → lila-lila

Ari ku dileukeunan mah, nyieun karajinan téh anggeus geuning.

6. téréh → téréh-téréh

Asa moal anggeus nyieun imah sakieu gedéna mah atuh.

7. beurat → beurat-beurat

Suluh ti kebon téh ogé kapaksa wé dibawa, da butuh.

8. peuting → peuting-peuting

Pamayang mah geus biasa, indit ka lautna téh sok .

9. gedé → gedé-gédé

Piraku teu ludeung ka cai sorangan atuh, Ujang.


10. leutik → leutik-leutik

Adina babaturan mah geus pinter maké komputer.

Pangajaran

5

NGAJÉNAN JASA PAHLAWAN



Naon ari nu disebut pahlawan? Jawabanana bisa rupa-rupa. Bisa waé hidep ngajawab, pahlawan téh nu gugur di médan perang, pahlawan téh anu ngaranna dipaké ngaran jalan atawa wawangunan lianna, jeung sajabana. Saenyana anu disebut pahlawan téh bisa waé ukur golongan jalma biasa.

Dina pangajaran ayeuna, urang medar perkara pahlawan. Dipidangkeunana dina wangun pupuh. Dina pangajaran saterusna, hidep diwanohkeun kana cara-cara ngarang pupuh. Hayu urang mimitian.

A. Ngaregepkeun Tembang

(Dicontoan ku Ibu/Bapa Guru)

Yu, urang ngaregepkeun tembang!

Ayeuna urang diajar tembang, pupuhna asmarandana. Regepkeun heula conto ti Ibu/Bapa Guru, geus kitu terus ku hidep turutan nembangkeunana.

JASA GURU

*Urang kahutangan budi,
salila urang sakola,
tadina taya kanyaho,
terus meunang pangajaran,
rupa-rupa piwulang,
jasa Ibu Bapa Guru,
anu salawasna héman.*

*Tugasna dina ngadidik,
sangkan palinter muridna,
dilakonan bari rido,
dibarung ku rasa nyaah,*



Sumber: www.kaskus.co.id

*henteu dibéda-béda,
kabéh dibéré piwuruk,
conto hadé pikeun urang.*

*Jadi kawajiban murid,
pikeun boga rasa hormat,
kadé bisi urang poho,
ngagugu kana naséhat,
ngajauhan panyaram,
nu ditepikeun ku guru,
mun hayang hirup waluya.*



Sumber: www.id.fjta.com

B. Ngadiskusikeun Eusi Tembang

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu, urang diskusi!

Pupuh asmarndana anu bieu ditembangkeun ku hidep téh kabéhna aya tilu pada atawa tilu bait. Unggal pada dibagi deui jadi tujuh jajar, disebutna padalisan.

Éta pupuh téh eusina medar perkara jasa ibu/bapa guru dina ngadidik murid-muridna. Urang jadi pinter, jadi loba kanyaho, éta téh di antarana lantaran jasa ibu/bapa guru. Basa tacan sakola mah apan kanyaho jeung kabisa urang téh heureut kénéh. Nya sanggeusna asup sakola urang diajar soso-soso, ti mimiti kelas hiji, tug ayeuna geus kelas opat. Jasa ibu/bapa guru ka urang kacida lobana. Ku sabab éta, urang boga kawajiban ka ibu/bapa guru.

Naon waé éta kawajiban urang téh? Hayu urang diskusikeun. Carana mah hidep kudu ngajawab patalékan anu patali jeung eusi pupuh anu bieu ditembangkeun.

Pék ku hidep jawab, terus diskusikeun.

1. Dina hal naon waé urang kahutangan budi ku ibu/bapa guru téh?
2. Naon waé anu dipilampah ku ibu/bapa guru dina ngadidik murid-muridna?
3. Naha dina ngadidik téh ibu/bapa guru tara ngabéda-béda murid?
4. Kumaha waé carana urang némbongkeun rasa hormat ka ibu/bapa guru?
5. Kumaha akibatna mun urang ngagugu kana naséhat ibu/bapa guru?
6. Naon sababna ibu/bapa guru téh sok disebut “pahlawan tanpa tanda jasa”?

C. Nembangkeun Pupuh Babarengan

Yu, urang nembangkeun pupuh babarengan!

Ibu/Bapa Guru sok disebut pahlawan tanpa tanda jasa. Kitu anu didiskusikeun ku hidep jeung batur sakelas.

Saenyana dina lingkungan kahirupan urang loba anu bisa disebut pahlawan téh. Apan ari pahlawan téh teu salawasna kudu gugur di medan perang pikeun ngabéla bangsa jeung nagara waé. Sakur jalma anu milampah pagawéan, tur hasilna matak jadi mangpaat pikeun saréréa, éta gé sarua kudu disebut pahlawan. Lamun kolot hidep digawé di kantor, upamana, sarta hasil pagawéanana méré mangpaat ka saréréa, tah kolot hidep téh saenyana pahlawan. Kitu deui lamun kolot hidep enya-nya ngurus kulawarga tepi ka bisa ngawujud kulawarga anu hadé, éta ogé sarua pahlawan.

Patani anu satia ngolah sawah atawa kebon, sarta hasilna méré mangpaat ka saréréa, éta kudu disebut pahlawan. Kitu deui pamayang anu ngala lauk di laut, pagawé pabrik, atawa padagang, kabéh ogé pahlawan. Pokona sakur jalma anu hirup dina jalan bener, henteu ngarempak aturan, tur hasil pagawéanana méré mangpaat ka saréréa, éta téh pahlawan, sok sanajan manéhna teu meunang tanda jasa atawa pangkat.

Geura ayeuna hayu urang babarengan nembangkeun pupuh asmarandana, eusina nyaritakeun rupa-rupa jalma anu hasil pagawéanana méré mangpaat ka saréréa.

BAPA TANI

*Rebun-rebun bapa tani,
getol digawé di sawah,
ngolah lahan sangkan léndo,
melak paré bulan-bulan,
mun usum panén datang,
hasil tina lahan subur,
mangpaat keur saréréa.*



Sumber: www.indonesia.travel

PAMAYANG



Sumber: www.kmtphp.tp.ugm.ac.id

*Pamayang nyorang jaladri,
teu sieun ku gedé ombak,
ngala lauk soso-soso,
geus meunang terus ka darat,
laukna sok dilélang,
hasil pamayang ti laut,
mangpaat keur saréréa.*

PAGAWÉ PABRIK

*Para pagawé di pabrik,
nyieun barang rupa-rupa,
dijual minuhan toko,
kadaharan papakéan,
atawa kendaraan,
sakur nu dipikabutuh,
mangpaat keur saréréa.*



Sumber: abuwildan.deviantart.com

PADAGANG



Sumber: www.fiksi.kompasiana.com

*Para padagang balantik,
nya saban poé ka pasar,
barang digelar di jongko,
nu mareuli diladangan,
nyumponan nu balanja,
najan dagang hayang untung,
mangpaat keur saréréa.*

JASA PAHLAWAN

*Gawé tani gawé pabrik,
ngala lauk reujeung dagang,
kadé urang entong poho,
kabéh gé baroga jasa,
sarua jeung pahlawan,
tong ngukur ku pangkat luhur,
ningkatkeun darajat bangsa.*



Sumber: www.tani.blog.fisip.uns.ac.id

D. Ngalengkepan Jajaran Pupuh

(Dituyun ku Ibu Bapa/Guru)

Ti heula gé geus diterangkeun, anu ditembangkeun ku hidep téh pupuh asmarandana. Cing sebutkeun, dina sapada atawa sabaitna aya sabaraha jajar? Tah enya, tujuh jajar.

Sora dina tungtung jajaranna ogé teu sarua. Geura urang titénan.

*Rebun-rebun bapa tani,
getol digawé di sawah,
ngolah lahan sangkan léndo,
melak paré bulan-bulan,
mun usum panén datang,
hasil tina lahan subur,
mangpaat keur saréréa.*

Tungtung jajaran kahiji sorana **i** (tani), tungtung jajaran kadua sorana **a** (sawah), tungtung jajaran katilu sorana **o** (léndo), tungtung jajaran kaopat sorana **a** (bulan), tungtung jajaran kalim sorana **a** (datang), tungtung jajaran kagenep sorana **u** (subur), jeung tungtung jajaran katujuh sorana **a** (saréréa).

Tah pék ayeuna ku hidep lengkepan jajaran pupuh nu aya di handap. Hidep ngan kari milih pieusianana tina jero kurung di bagian handapna. Kadé poho, kudu sora naon anu aya dina tungtung saban jajaran téh.

*Abdi boga sobat _____,
babaturan di _____,
Wibisana jeung _____,
alamatna di _____,
karesepna sarua*

getol pisan maca _____,
pinter lega kanyahona
(buku, Héryanto, sakola, dalit, Babakan)

Ratna babaturan _____,
sikepna teu weléh _____,
lungguh tara loba _____,
mana komo mun _____,
getol pisan diajar
resep tutulung ka _____,
bari teu ngarep _____,
(paséa, sopan, abdi, batur, balesan, omong)

Barudak diajar _____,
saban soré di _____,
ngéjah dina buku _____,
terus ningkat kana _____,
bener panjang _____,
ditutup ku maca _____,
ahirna tamat _____,
(Quran, ngaji, sakitab, Qulhu, pondokna, ikro, madrosah)

E. NYUSUN PUPUH DUMASAR CARITA

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Kacaritakeun hidep loba babaturan di kelas opat, awéwé lalaki. Upamana waé anu ngaranna Ahmad, Badrun, Campaka, Citra, Darman, Déwi, Dodo, Érpan, Épon, Fitri, Galih, Gurnadi, Héryanto, Husin, Ira,

Jamaludin, Jénal, Komarudin, Kostaman, Kuswari, Léní, Marjana, Mintarsih, Nandang, Nunung, Nurul, Okeu, Patria, Sutarno, Wulan, jeung Yusuf.

Ngaran babaturan hidep urang susun dina pupuh asmarandana. Pék ku hidep réngsékeun dina jajaran anu kosong kénéh.

Badrun, Citra, jeung _____.
Ahmad, Darman, Déwi, _____,
Épon, Mintarsih, jeung _____,
Nurul, Okeu, Galih, _____,
Badrun, Leni, Marjana,
Mintarsih, Sutarno, _____,
Kuswari, Husin, jeung _____.

Kacaritakeun hidep piknik ka Taman Safari. Di dinya téh loba sasatoan galak. Henteu dikandangan, da sina ngalencar. Aya maung jeung singa anu kabeukina daging. Anu kadaharanana jukut jeung dangdaunan gé aya deuih. Kayaning sébra jeung jarapah. Nempo sasatoan di dinya mah kudu tina jero kendaraan, sabab gedé pisan bahayana.



Sumber: scoutmaros.blogspot.com

Ieu pangalaman hidep téh urang susun dina pupuh asmarandana.
Pék ku hidep réngsékeun dina jajaran anu kosong kénéh.

*Piknik ka Taman _____,
loba pisan _____,
urang ukur bisa nempo,
tina jero _____,
entong hayang ka luar,
loba singa reujeung _____,
gedé pisan _____.*

*Sato kabeukina _____,
lamun keur lapar sok _____,
najan ka jalma ngarontok,
béda jeung sato kukutan,
kelenci, embé, jeung _____,
dangdaunan reujeung _____,
cukup ku éta _____.*

F. Nyusun Jajaran Pupuh

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Tah ayeuna mah hidep kudu nyusun pupuh asmarandana. Bahanna geus disayagikeun. Hidep ngan kari nangtukeun saban jajaran kudu di lebah mana tempatna. Mun geus réngsé, terus ku hidep tembangkeun.

*mun ajal cunduk waktuna
nyawa papisah jeung raga
hirup di dunya teu lami*

teu beunang diambung-ambung
moal bisa ditolak
hiji waktu bakal maot
pan urang ukur ngumbara

Hirup di dunya teu lami,
pan urang ukur ngumbara,
hiji waktu bakal maot,

numutkeun pidawuh Alloh
mun goréng rugi kacida
ka alam ahérat jaga
amal alus bakal untung
anu dibantun ku jalmi
alusna jeung goréngna
ukur amal keur di dunya

Anu dibantun ku jalmi,
ka alam ahérat jaga,

ulah nyandak amal awon
boh nu wajib boh sunat

*kalayan haté nu iklas
mangkadé sing ati-ati
kedah saé kalakuan
ka sasama sering nulung
masing getol nya ibadah*

Mangkadé sing ati-ati,

kalayan haté nu iklas.

G. Ngapalkeun Kabeungharan Kecap

Dina pupuh anu tadi ditembangkeun ku hidep, aya sababaraha kecap anu rék diterangkeun sasaran atawa hartina. Geura pék ku hidep baca, terus apalkeun.

1. **dibarung** ku rasa nyaah henteu dibéda-béda, dibarung = dibarengan
2. kabéh dibéré **piwuruk**, conto hadé pikeun urang piwuruk = naséhat, papatah
3. ngagugu kana naséhat, ngajauhan **panyaram** panyaram = panyarékan
4. nu ditepikeun ku guru, mun hayang hirup **waluya** waluya = salamet
5. **rebun-rebun** bapa tani, getol digawé di sawah, rebun-rebun = isuk-isuk pisan, saméméh bijil panonpoé

6. molah lahan sangkan **léndo**, melak paré bulan-bulan,
léndo = subur
7. pamayang nyorang **jaladri** teu sieun ku gedé ombak
jaladri = laut
8. ngala lauk **soson-soson**, geus meunang terus ka darat, laukna
sok dilélang,
soson-soson = enya-nya
9. para padagang **balantik**, nya saban poé ka pasar,
balantik = jual beuli
10. ka alam ahérat jaga, numutkeun **pidawuh** Allah
pidawuh = cariosan

H. Ngalarapkeun Robahna Kecap

Pék ku hidep tengetan!

1. **pisah → papisah**
Mun ajal cunduk waktuna, nyawa papisah jeung raga.
2. **dagang → padagang**
Para padagang balantik, nya saban poé ka pasar.
3. **gawé → pagawé**
Para pagawé di pabrik, nyieun barang rupa-rupa.

Dina conto bieu aya kecap anu robah. Kecap pisah robah jadi papisah, dagang jadi padagang, jeung gawé jadi pagawé. Tangtu waé hartina ogé jadi béda. Geura urang teruskeun. Ngan ayeuna mah dipigawéna kudu ku hidep, kawas dina conto bieu.

1. **tukeur** → _____

Sendal téh meureun jeung nu Édi bieu di masjid.

2. **jauh** → _____

Sanajan geus , tapi sobatna sok rajeun nepungan.

3. **tugas** → _____

Lawang bandar udara dijaga ku maraké seragam.

4. **amprok** → _____

Unggal ogé manéhna mah tangtu sok nanya waé.

5. **maén** → _____

Saban soré Persib sok latihan di Stadion Gedébagé.

6. **tanya** → _____

Goréng kasebutna mun urang tara jeung tatangga.

7. **panggih** → _____

Ieu téh geus tilu poé henteu jeung Mang Sumarna.

8. **beulit** → _____

Kadé kabel téh bisi mangkaning sakitu panjangna.

9. ***pisah*** → _____

Lamun geus lulus di antara murid sok aya anu terus

10. ***tandang*** → _____

Anu jadi dina kajuaraan ngagambar téh aya 16 murid.

Tah ari kecap anu ieu mah robahna téh kawas kieu.

1. ***sawah*** → ***pasawahan***

Méméh tepi ka walungan téh kudu ngaliwatan heula pasawahan.

2. ***gelar*** → ***pagelaran***

Saban malem Ahad di RRI Bandung sok aya pagelaran wayang golék.

Urang tuluykeun ku conto séjénna, tapi dipigawéna kudu ku hidep. Ilikan deui contona masing tepi ka jelas.

1. ***mandi*** → _____

Kudu ngantri mun rék mandi di umum mah.

2. ***tengah*** → _____

Bapa Haji sakulawargi nuju ngariung di .

3. ***binih*** → _____

Lahan kosong di gigireun imah dipaké tomat.

4. ***kubur*** → _____

Tatangga anu jarajap ka mani ngaleut.

5. **gadé** → _____

Imahna hareupeun kantor di Jalan Pungkur.

6. **jagal** → _____

Sapi anu rék dipeuncit ditungtun ka ku duaan.

7. **kalang** → _____

Di bénjang, Kang Gandi geus taya lawanna.

8. **abdas** → _____

Saban poé Jumaah, Kang Uséng sok beberesih di

Pengajaran

6

CINTA LEMAH CAI



Sumber: www.wikipedia.com

Lemah cai téh nagara anu dicicingan ku urang. Disebut kitu sotéh lantaran nagara urang ngabogaan daratan jeung lautan. Urang wajib miara lemah cai. Cinta ka lemah cai téh sabagian tina iman. Ayeuna hidep bakal diajar perkara cinta ka lemah cai dina wangun kawih.

A. Ngaregepkeun Jeung Ngawihkeun

Yu, urang ngaregepkeun jeung ngawihkeun!

Ieu di handap aya kawih. Rék dikawihkeun ku Ibu/Bapa guru. Ku hidep regepkeun. Geus kitu, urang kawihkeun babarengan.

TANAH SUNDA

Karya: Mang Koko

*Tanah Sunda gemah ripah
nu ngumbara suka betah
urang sunda sawawa
sing towéksa percéka
nyangga dharma anu nyata.*

*Seuweu Pajajaran
muga tong kasmaran
sing tulatén jeung rumaksa
miara pakaya mémang sawajibna
getén titén rumawat tanah pusaka.*

*Titén kana harta banda
mo kaduhung waktu jaga
anu lian moal bisa
ngatur ngolah jeung ngariksa.*

*Gembleng sauyunan
singkil babarengan
ngangkat darajat ki sunda
sunda kukuh kuat diraksa dirumat
pasti jembar wibawa Indonésia.*

B. Ngadiskusikeun Eusi Kawih

Yu, urang diskusi!

Kawih nu ku hidep bieu diregepkeun téh nyaritakeun éndahna tanah Sunda. Kudu kumaha urang salaku urang Sunda ka Tanah Sunda sangkan jembar wibawana di Indonésia.

Tah, ayeuna ngarah hidep leuwih paham kana eusi kawih “Tanah Sunda”, pék jawab ieu pananya. Alusna mah diskusi jeung babaturan. Pék bagi jadi empat kelompok.

Kelompok 1

- 1) Sabaraha jumlah engang dina unggal jajaran jeung kumaha sora tungtungna?
- 2) Kumaha kaayaan Tanah Sunda téh?
- 3) Kudu kumaha urang Sunda ka Tanah Sunda téh?
- 4) Mawa pancén naon urang Sunda téh?
- 5) Kudu muji sukur ka saha urang boga Tanah Sunda?

Kelompok 2

- 1) Sabaraha jumlah engang dina unggal jajaran jeung kumaha sora tngtungna?
- 2) Kudu kumaha ka Seuweu Pajajaran téh?
- 3) Kudu kumaha ka Tanah Pusaka téh?
- 4) Kawajiban saha miara Tanah Pusaka téh?
- 5) Miara lemah cai téh kaasup sabagian tina naon?

Kelompok 3

- 1) Sabaraha jumlah engang dina unggal jajaran jeung kumaha sora tungtungna?
- 2) Kudu kumaha urang kana harta banda téh?
- 3) Ngalakukeun naon anu batur moal bisaen téh?
- 4) Moal kaduhung jaga mun urang kumaha?
- 5) Titén kana harta banda pibekeleun hirup di dunya jeung di mana?

Kelompok 4

- 1) Sabaraha jumlah engang dina unggal jajaran jeung kumaha sora tungtungna?
- 2) Kudu kumaha ngangkat darajat Ki Sunda téh?
- 3) Kudu dikumahakeun Sunda téh?
- 4) Bakal kumaha lamun Sunda dirumat?

C. Ngadiskusikeun Kandaga Kecap

Yu, urang diskusi!

Dina rumpaka kawih di luhur tangtu aya kecap-kecap anu patali jeung cinta lemah cai. Téangan hartina! Bisi hésé bisa didiskusikeun jeung babaturan. Bisa waé nanyakeun ka ibu, ka bapa, ka lanceuk, atawa ka saha waé atawa muka kamus.

Contona:

Mo kaduhung waktu jaga.

kaduhung = hanjakal

Pigawé kawas conto du luhur!

Kelompok 1:

- 1) Kaayaan Tanah Sunda téh gemah ripah.
gemah ripah = _____
- 2) Urang kudu towéksa ka Tanah Sunda.
towéksa = _____
- 3) Dina miara Tanah Sunda, urang kudu percéka.
percéka = _____
- 4) Kudu tulatén atuh ari miara tanah pusaka mah.
tulatén = _____

Kelompok 2:

- 1) Sangkan nanjeur, urang kudu rumaksa ka Tanah Sunda.
rumaksa = _____
- 2) Sangkan tetep beresih, urang kudu miara lingkungan.
miara = _____
- 3) Ngarah awét mah, urang kudu rumawat kana banda urang.
rumawat = _____
- 4) Sing titén kana barang jeung lingkungan téh.
titén = _____

Kelompok 3:

- 1) Lamun baris di buruan waktu upacara, ketua murid kudu ngatur barisan.
ngatur = _____
- 2) Unggal musim patani ngolah sawah pikeun dipelakan paré.
ngolah = _____
- 3) Urang kudu ngariksa budaya Sunda sangkan teu leungit.
ngariksa = _____
- 4) Hirup jeung tatangga kudu sauyunan ulah sok papaséaan.
sauyunan = _____

Kelompok 4:

- 1) Lamun rék ngayakeun kerja bakti, urang kudu singkil heula.
singkil = _____
- 2) Basa jeung budaya Sunda kudu diraksa sangkan tetep hirup.
diraksa = _____
- 3) Kebon téh kudu dirumat sangkan hasilna mucekil.
dirumat = _____
- 4) Sunda bakal kukuh mun diraksa jeung dirumat ku urang.
kukuh = _____

D. Ngawihkeun

Yu, urang ngawih!

Ayeuna Ibu/Bapa guru rék ngawihkeun “Tanah Sunda”. Engké urang babarengan. Geus kitu, giliran sajarah-sajajar. Tuluy sabangku-sabangku. Tungtungna hidep giliran saurang-saurang ngawih ka hareup. Sing alus ngawihna, keuna wirahmana, écés ucapanana!

E. Ngajembaran Kawih

Anu geus dikawihkeun ku hidep téh kawih “Tanah Sunda”.

Pikeun ngajembaran kawih, ayeuna hidep maca jeung ngawihkeun deui kawih séjénna. Hidep bagi jadi genep kelompok. Unggal kelompok kawihna béda-béda. Kelompok 1 jeung 2 kabagéan kawih “Bandung”; kelompok 3 jeung 4 kabagéan kawih “Tanah Pasundan”; kelompok 5 jeung 6 kabagéan kawih “Cinta Nusa”. Geus kitu, pék jawab pananya nu geus disadiakeun.

1. Bacaeun jeung kawihkeuneun 1

Ieu kawih bacaeun jeung kawihkeuneun kelompok 1 jeung kelompok 2. Pék baca heula ieu kawih dina jero haté, tuluy kawihkeun babarengan!

BANDUNG

*Bandung Bandung Bandung
Bandung Bandung nelah Kota Kembang
Bandung Bandung Bandung
Bandung sasakala Sangkuriang*

*Dilingkung gunung heurin ku tangtung
puseur kota nu mulya Parahyangan
Bandung Bandung
pada muru dijarugjugan.*

Jawab sakur pananya ieu di handap!

Kelompok 1 ngajawab pananya nomer 1—5. Kelompok 2 ngajawab pananya nomer 6—10.

1. Naon katelahna Bandung téh?
2. Saha ari Sangkuriang téh?
3. Jadi tempat kumaha Bandung téh keur urang luar?
4. Naon hartina heurin ku tangtung téh?
5. Aya sabaraha gunduk kawih di luhur téh?
6. Sagundukna aya sabaraha jajar jeung kumaha sora tungtungna?
7. Dilingkung ku naon Bandung téh?
8. Puseur kota nu mulya saha ari Bandung téh?
9. Bandung sok disebut Parijs van Java. Naon maksudna?
10. Ari Bandung téh puseur dayeuh provinsi mana?

2. Bacaeun jeung kawihkeuneun 2

Ieu kawih keur bacaeun jeung kawihkeuneun kelompok 3 jeung kelompok 4. Pék baca heula ieu kawih dina jero haté, tuluy kawihkeun babarengan!

TANAH PASUNDAN

Sanggian: Mang Koko

*Aduh waas tur kelar
Gunung parentul ngajajar
Aduh sawah ngaremplang
Parahiyangan kasawang
Beunghar kawentar Parahiyangan
Subur kamashur tanah Pasundan
Rahayat tihothat usaha teu kendat
Sangkan pinanggih karaharjaan
Aduh tanah Pasundan*



Sumber: www.kabarparahiyangan.com

*Subur geusan pepelakan
Hayu urang leukeunan
Ngolah tanah sauyunan.*

*Aduh tanah pusaka
Pusaka Indonésia
Hayu sangkan raharja
Perlu diraksa diriksa
Tanah nu ngoblog di pakarangan
Perlu digarap keur tutuwuhan
Melak palawija diatur sampurna
Ngémploh paselang henteu kembangan
Aduh tanah Pasundan
Héjo ngéplah tutuwuhan
Aduh karaharjaan
Hasil karya babarengan*



Sumber: <http://bp1.blogspot.com>

Jawab sakur pananya ieu di handap!

Kelompok 3 ngajawab pananya nomer 1—5. Kelompok 4 ngajawab pananya nomer 6—10.

1. Matak kumaha Tanah Pasundan téh?
2. Kumaha kaayaan gunung jeung sawah téh?
3. Kumaha sikep rahayat ka Tanah Pasundan”
- 4) Kumaha kaayaan Tanah Pasundan keur pepelakan?
- 5) Kudu kumaha urang ngolah Tanah Pasundan téh?
- 6) Ari Tanah Pasundan téh kaasup tanah pusaka mana?
- 7) Kudu dikumahakeun tanah nu ngoblog téh?
- 8) Kudu kumaha ari melak palawija?
- 9) Kumaha kaayaan tutuwuhan di Tanah Pasundan téh?
- 10) Ari karaharjaan téh hasil tina naon?

3. Bacaeun jeung kawihkeuneun 3

Ieu kawih keur bacaeun jeung kawihkeuneun kelompok 5 jeung kelompok 6. Pék baca heula ieu kawih dina jero haté, tuluy kawihkeun babarengan!

CINTA NUSA

*Indonésia gemah ripah loh jinawi
Alam éndah héjo ngémblok sugih mukti
Subur tutuwuhan
beunghar pepelakan
Daun héjo ngémploh karaharjan lemah cai
Kakayon tumuwuh subur pajangkung-jangkung
Petétan ngawujud sirung pagulung-gulung
Piraku rék réla
piraku rék téga
Alam nu ngémploh héjo pinarengan
ngarangrangan teu kariksa*

Tutuwuhan nutup alas bandawasa
Tatangkalan nutup gunung ngambah reuma
Peryoga dijaga
Diraksa diriksa
Kakayon mangpaat sumber kahirupan bangsa
Mamala tanah ngeblak nungtun gimir ketir
Bahaya gunung urug padataran banjir
Rampak pada dokoh
Samakta sosoroh
Ngagarap tanah ngeblak dipelakan
Tatangkalan héjo ngémploh



Sumber: disbun.kaltimprov.go.id

Jawab sakur pananya ieu di handap!

Kelompok 5 ngajawab pananya nomer 1—5. Kelompok 6 ngajawab pananya nomer 6—10.

- 1) Kumaha kaayaan Indonésia téh?
- 2) Kumaha kakayon di Indonésia?
- 3) Ngawujud naon petétan téh?
- 4) Nutup naon tutuwuhan téh?
- 5) Ari tatangkalan nutup naon deuih?

- 6) Naon mangpaat kakayon keur kahirupan bangsa?
- 7) Naon balukarna mun tanah diantepkeun sina ngeblak?
- 8) Kudu kumaha urang dina ngarap tanah Indonésia?
- 9) Naon sababna tatangkalan ngararancangan?
- 10) Dilambangkeun ku naon karaharjaan lemah cai téh?

F. Ngaregepkeun Pedaran Kawih

Hidep geus maca sababaraha kawih. Kawih téh sarua jeung sajak ngan pedah sok dihaleuangkeun, boh langsung boh dibarengan ku waditra (alat musik). Sajak nu sok dikawihkeun mah disebutna rumpaka kawih. Kagiatan ngahaleuangkeun atawa ngagalindengkeun kawih disebutna ngawih.

Kawih téh aya nu diwangun ku sagunduk, sapada, atawa sabait aya nu leuwih. Tiap gunduk (pada) diwangun ku sababaraha jajar (padalisan). Unggal tungtung jajaran ngabogaan sora tungtung nu tangtu, tapi éta sora téh teu dipatok cara dina pupuh. Sora tungtungna bébas kumaha kahayang nu nyusunna.

Geura tengetan deui kawih bacaeun jeung kawihkeuneun 1 “Bandung”. Ceuk éta kawih, Kota Bandung digambarkeun kieu:

Kota Bandung téh nelah Kota Kembang. Nurutkeun raratan dongéng cenah titinggal atawa sasakala Sangkuriang. Kaayaan Kota Bandung téh dikuriling ku gunung, padumukna gegek. Kota Bandung téh puseur kota tempatna para déwa (Parahyangan), sarta loba daratang ka Kota Bandung.

Kawih nu judulna “Bandung” téh diwangun ku dua gundukan (pada). Masing-masing gundukan diwangun ku opat jajar (padalisan). Jumlah engang jeung sora tungtung dina unggal jajaran bisa digambarkeun kieu.

- Jajaran kahiji tungtung sorana → 6-u
- Jajaran kahiji tungtung sorana → 10-a
- Jajaran kahiji tungtung sorana → 6-u
- Jajaran kahiji tungtung sorana → 10-a

Dina jajaran kahiji jeung katilu aya kecap *Bandung* nu dibalikan deui tilu kali. Kecap-kecap nu dibalikan deui dina jajaran nu sarua atawa jajaran nu béda disebutna téh purwakanti. Purwa hartina ‘mimiti’ jeung kanti hatina ‘marengan’.

Jaba ti éta, purwakanti téh bisa waé mangrupa sasaruatan sora atawa bédana sora. Contona antara tungtung jajaran kahiji jeung katilu sora tungtungna sarua nyaéta sora /u/. Kitu deui, antara jajaran kadua jeung jajaran kaopat sora tungtungna sarua, nyaéta sora /a/. Tapi antara jajaran kahiji-katilu jeung jajaran kadua-kaopat sorana téh béda, nyaéta /u/ jeung /a/.

Kecap-kecap anu dibalikan deui téh gunana pikeun ngantebkeun maksud atawa eusi kawih.

G. Migawé Pancén

Keur pancén di imah, ayeuna hidep néangan kawih séjénna. Bisa néangan tina buku, majalah, koran, internét, kasét, atawa nanyakeun ka kolot hidep. Pék tuliskeun dina buku pancén. Lamun sumberna buku, majalah, atawa koran, sebutkeun ngaran buku, majalah, jeung koranna. Lamun tina internét, catet waktu jeung tanggal dicutatna.

Pengajaran

7

CITA-CITA



Sumber: <http://bp3.blogspot.com>


Unggal jalma boga cita-cita. Ari cita-cita téh nyaéta harepan nu dipkahayang engké pikahareupeun, biasana soal nu muluk-muluk atawa éndah. Ayeuna hidep bakal diajar mikawanoh cita-cita dina karangan narasi.

A. Maca Jero Haté

Yu, urang maca!

Ieu di handap aya karangan carita. Eusina ngeunaan cita-cita Nénéng. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

HAYANG JADI GURU



Wasta abdi téh Nénéng. Rorompok di lembur. Perenahna pisan mah di Kampung Sukamaju. Mamah janten guru SD di lembur. Kitu deui Bapa janten guru di SMP. Iwal ti dinten Ahad, unggal dinten Mamah angkat ka sakola. Abdi ogé ka sakola sok sareng Mamah. Bapa angkat ka sakolana sok kana motor. Bapa mah ka sakolana rada tebih di kota kacamatan. Unggal énjing sok ngaboncéng Aa da sasakola sareng Bapa di SMP.

Resep ningali Mamah sareng Bapa angkat ka sakola. Saur réréncangan mah Mamah téh raoseun ngawulangna. Réréncangan mah raresepeun pisan. Kitu deui Bapa, saur réréncangan Aa raoseun ngawulangna. Da Bapa ogé dipikaresep ku murid-muridna. Bapa mah seueur bukuna. Buku bapa di rorompok aya sababaraha erak.

Saban dinten Bapa sok katingal maos buku. Malah sok nyerat. Saurna mah sok dikintunkeun kana majalah atanapi koran. Abdi gé sok kabita hoyong maca buku. Abdi ogé hoyong nyerat sajak, teras dikintunkeun kana majalah. Saur Bapa, di SMP mah ngalanggan majalah basa Sunda, namina téh majalah Manglé. Saur Bapa deui, upami abdi nyerat sajak tiasa dikintunkeun ka éta majalah. Jaba ti sajak, tiasa ogé saurna téh nyerat carita pondok.

Bapa sareng Mamah mulihna sok siang waé. Abdi mah tabuh 12.00 ogé tos di rorompok. Ku kituna, abdi sareng réréncangan sok mindeng kempel di rorompok.

Katingalna Bapa sareng Mamah mah didamelna henteu capé. Bangun nu bungah waé. Tabuh duaan ogé Mamah sareng Bapa mah tos marulih.

Abdi pami tos tamat SD, hoyong neraskeun ka SMP, teras ka SMA. Ti dinya mah teras kuliah. Abdi téh gaduh cita-cita hoyong janten guru sapertos Mamah sareng Bapa.

Kantos sasanggem ka Mamah sareng Bapa yén abdi hoyong janten guru. Saur Mamah sareng Bapa téh, saé cita-cita téh neraskeun Mamah sareng Bapa. Terasna deui, upami abdi hoyong janten guru, saurna kedah getol diajar sareng capétang. Pan saurna guru mah kedah tiasa nyarios payuneun murid-murid. Kitu saur Mamah sareng Bapa téh.

Waktos nuju ngariung bari tuang, Aa nyanggem alim janten guru. Ku Mamah sareng Bapa ditaros, hoyong janten naon? Waleran Aa téh saurna hoyong janten dokter. Badé janten nanaon ogé Mamah sareng Bapa mah tetep ngadungakeun. Anu penting mah boh abdi boh Aa kedah getol diajar, sakola sing jucing, ulah seueur melid.

B. Ngalisankeun Jawaban

Pikeun nyangkem eusi bacaan, hidep kudu ngajawab ieu pananya.

1. Saha nu hayang jadi guru téh?
2. Di mana cicingna?
3. Ari mamah jeung bapana Nénéng didamel kana naon?
4. Saha nu raoseun ngawulangna téh?

5. Kumaha cara ngawulang bapana Nénéng ceuk babaturan aana?
6. Ari bapana Nénéng sok ngirimkeun tulisanana ka mana?
7. Ari Nénéng haying diajar nulis naon?
8. Kudu kumaha cenah mun hayang jadi guru?
9. Ari aana Nénéng hayang jadi naon?
10. Badé janten naon waé ogé Bapa tetep kumaha?

C. Ngalarapkeun Undak-Usuk Basa

Yu urang tengetan!

Pék tengetan ieu kalimah di handap!

1. *mulih* = *wangsul*
Bapa *mulih* ti kantor pasosonten.
Abdi *wangsul* ti sakola siang kénéh.
2. *tuang* = *neda*
Mamah *tuang* di tengah bumi.
Abdi *neda* di tengah bumi

Pigawé kawas conto di luhur!

1. angkat = ...
Bapa angkat ka sakola kana motor
Abdi ... ka sakola kana sapédah.
2. teu damang = ...
Bu Guru teu damang wales di rumah sakit.
Dédi ... parna di bumina.
3. siram = ...
Wa Jéjén nuju siram di jamban.
Abdi badé ... di kamer mandi.
4. nyarios = ...
Mamah nyarios ka bapa énjing-énjing.
Abdi ... ka aa perkara tugas.

5. bumi = ...
Pa Guru mulih ka bumina tabuh opat.
Abdi wangsul ka ... tabuh dua belas.
6. kulem = ...
Bapa sareng mamah mah parantos kulem.
Abdi sareng aa teu acan ...
7. ngagaleuh = ...
Mang Dédi ngagaleuh kulkas ti toko.
Abdi ... laptop ti BEC.
8. nyandak = ...
Pa Guru ka sakola nyandak motor.
Abdi ka sakola ... kantong.
9. kadangueun = ...
Ku Bu Guru kadangueun abdi ngagentraan.
Ku Uwén ... abdi ngagentraan.
10. gugah = ...
Bapa sareng mamah parantos gugah.
Aa teu acan ... tabuh lima téh.

D. Ngajembaran Carita

Yu, urang maca!

Pék baca wacana ieu di handap!

CITA-CITA DADANG

Dadang téh geus kelas opat SD. Sakolana teu pati jauh ti imahna. Kira-kira ngan sakiloan. Lamun ka sakola, Dadang mah sok ngabring genepan jeung sobat-sobatna. Ari sobat-sobatna téh Dedi, Uwén, Asép, Agus, jeung Wawan.

Unggal balik sakola, Dadang jeung batur-baturna sok karumpul deukeut imahna. Lantaran deukeut imahna aya tanah kosong anu sok diparaké méngbal. Unggal poé barudak téh sok méngbalna. Lain bal karét, tapi bal plastik wé. Eta gé beunang meuli ti warung Mang

Kodir anu teu jauh ti imahna. Mémang taya kacapé barudak téh. Najan kitu, ari geus kadéngéun sora adan Asar ti Masjid mah, barudak téh sok areureun. Tuluy arindit ka cai, marawa anduk jeung sarung. Di cai maranéhna marandi, tuluy arindit ka Masjid rék sarolat Asar. Tampolana mah tara baralik heula, sok tuluy ngaraji di Madrasah nepi ka ampir Magrib. Dituluykeun solat Magrib, ngaraji deui nepi ka Isa. Saréngséna solat Isa mah, barudak téh baralik, bareng jeung kolot-kolotna.

Mémang barudak nu genepan téh nyobat dalit. Ka mamana sok bareng, tara papisah. Ka sakola bareng, ulin bareng, ngaji di madrasah bareng, malah ka masjid ogé sok bareng. Layeut dina kituna mah.

Dadang téh resep méngbal. Mun aya siaran langsung méngbal tina tivi, Dadang mah tara ka mamana, sok manco hareupeun tivi. Kitu ogé mun beurang. Tapi da bapana gé sarua resep pisan lalajo méngbal. Ari lalajo méngbal téh mani sok areuyah-areuyahan, komo mun babaturanana karumpul milu lalajo. Mun kleup nu dibobotohanana meunang téh, Dadang mah sok ajrag-ajragan bari ngucapkeun “gol... gol...gol...!”

Hiji waktu mah Dadang nyarita ka bapana yén manéhna hayang sapatu bal. Tapi can digugu ku bapana téh. Kalah pok bapana nyarita, “Rék dipaké di mana sapatu balna ogé pan di urang mah teu aya lapangna”. Aya gé jauh di deukeut kantor désa. Engké wé geus gedé, geus ka SMP. Di ditu mah di deukeut SMP aya lapangan méngbal. Da mémang SMP nu pangdeukeutna aya di kota kacamatan. Ari lapangan méngbal téh pernahna hareupeun masjid agung kacamatan. Disebutna ogé alun-alun.

Najan ku bapana teu dipangmeulikeun sapatu méngbal ogé, Dadang mah teu murugul. Manéhna teu tuluy mamaksa bapana. Kaharti lebah dinyana mah da mémang sapatu méngbal téh di mana dipakéna. Kahiji teu aya lapangna di lemburna mah, kaduana babaturanana ogé teu barogaeun.

Geus lila Dadang boga cita-cita hayang jadi pamaén bal. Ti kelas tilu kénéh boga cita-cita kitu téh. Alesanana téh pajarkeun jadi pamaén bal mah matak séhat, bayaranana gedé. Cenah mah, di luar negri mah harga pamaén téh nepi ka milyaran. Di urang ogé kapan bayaran pamaén bal téh nepi ka ratusan juta.

Ceuk babaturanana, Dadang téh alus méngbalna. Manéhna lumpatna tarik, bisa ngocék bola ka ditu ka dieu. Padahal mah Dadang téh henteu asup kleup méngbal. Ngan unggal poé jeung babaturanana sok maréngbal di tanah kosong deukeut imahna.

Hiji waktu, basa mapag miéling poé kamerdikaan Indonesia, tanggal 17 Agustus, di kota kacamatan diayakeun pertandingan méngbal murid SD. Sakola Dadang gé miluan. Nu maréngbalna ti SD Dadang mah nya manéhna jeung sobat-sobatna nu limaana. Sésana mah lolobana ti kelas 5. Sakleup téh aya 16 urang. Sabelas urang pamaén utama, limaana deui pamaén cadangan. Tina lima urang cadangan téh, saurang jadi kiper cadangan, nu opatan deui mah pamaén tengah. Kleup méngbal téh sok disebut kasawelasan lantaran jumlah nu maénna sawelas urang. Iwal mun salasurang pamaén meunang kartu mérah, jumlah pamaén kleup méngbal bisa kurang ti sawelas.

Dadang kaasup pamaén utama. Da mémang méngbalna alus. Malah ku guruna ogé dipuji. Atuh puguh wé dipuji ku guruna téh Dadang mah atoh wé nu aya. Ari sababna, Dadang téh karesepna kana méngbal jeung boga cita-cita jadi pamaén bal. Muga-muga waé cita-cita Dadang téh tinekanan. Ngarah kahontal cita-cita, urang kudu ngadu'a jeung ihtiar.



Sumber: <http://bp3.blogspot.com>

E. Ngajawab Pananya

Sanggeus hidep maca bacaan bieu, tangtu hidep aya kapanasaran hayang paham kana eusina. Mémang hidep kudu paham kana eusi bacaan, lain nu bieu wungkul tapi bacaan séjénna.

Bacaan “Cita-cita Dadang” téh tangtu waé eusina nyaritakeun harepan Dadang pikahareupeun. Jaba ti éta, dina bacaan bieu dicaritakeun ogé aktivitas Dadang boh sapopoé boh waktu miéling poé kamerdikaan Indonésia.

Pikeun nyangkem eusi bacaan “Cita-cita Dadang”, ayeuna hidep kudu ngajwab ieu pananya.

1. Tina bacaan di luhur, saha nu boga cita-cita jadi pamaén bal téh?
2. Sok di mana Dadang jeung sobat-sobatna maréngbalna?
3. Saha waé sobat Dadang téh?
4. Ari Dadang haying dipangmeulikeun naon ku bapana?
5. Ari sakleupna aya sabaraha urang pamaén bal téh?
6. Mun keur méngbal kadéngé sora adan, sok tuluy ka marana barudak téh?
7. Iraha biasana diayakeun pertandingan méngbal antara murid SD téh?
8. Ari lapangan méngbal deukeut henteu ti imah Dadang?
9. Naon sababna kleup méngbal sok disebut kasawelasan?
10. Ngarah cita-cita kahontal, urang kudu kumaha?

F. Ngalarapkeun Kecap

Titénan ieu kalimah!

Ceuk babaturanana, Dadang téh alus méngbalna.

Kecap “méngbal” kaasup kana istilah olahraga. Nu maén dina sakleupna aya 11 urang. Ku kituna, grup méngbal mah sok disebut kasawelasan. Nu ngajaga gawang ngaranna kiper atawa penjaga

gawang. Kiper cadangan nyaéta kipper atawa penjaga gawang anu can dimaénkeun langsung. Pamaén tengah nyaéta pamaén méngbal anu cicingan sok tengah-tengah lapangan, umumna mah sok disebut striker nyaéta tukang mawa jeung ngagiring bal sarta ngasupkeun kana gawang lawan.

Pasangkeun istilah-istilah olahraga di kénca kana kalimah nu geus disaayagikeun.

1. Jajang _____ sabab lumpat miheulaan bal ka tukangeun bék lawan.
2. Sépakan _____ ti juru lapangan melentung kana gawang.
3. Bal operan ti Firman Utina téh _____ ku Atép.
4. Sanggeus ditéwak, _____ téh ditalapung ku kiper.
5. Maman nyépak _____ kana gawang nepi ka asupna.
6. Bal téh _____ lantaran keuna kana leungeun Erlangga.
7. Ku sabab geus 45 menit, _____ niup piriwitna.
8. Ari dina badminton mah, kok téh ditepak ku _____.
9. Mun keuna kana _____, kok kudu dikalawankeun.
10. Ari _____ mah dipakéna dina olahraga pingpong.

A. hén

B. finalti

C. kornal

D. rékét

E. dihédén

F. bal

G. nét

H. bét

I. opsét

J. wasit

G. Nuliskeun jeung Nyaritakeun Cita-Cita

Yu, urang nulis!

Hidep geus maca conto bacaan cita-cita Nénéng. Nénéng téh boga cita-cita hayang jadi guru. Ari Aa, lanceukna cita-citana téh hayang jadi dokter. Unggal jalma boga cita-cita. Hidep ogé tangtu sarua. Pék ayeuna caritakeun cita-cita hidep. Carana mah gampang. Tuliskeun heula bagian-bagian ieu di handap luyu jeung harepan hidep.

1. Sebutkeun heula ngaran hidep, ngaran indung bapa, jeung dulur hidep. Caritakeun ogé di mana hidep cicing.
2. Caritakeun naon cita-cita hidep.
3. Sebutkeun pangna hidep boga cita-cita kitu.
- 4) Jelaskeun koméntar kolot hidep kana cita-cita hidep.
- 5) Caritakeun pagawéan batur anu narik ati hidep.

Minggu kamari hidep tos diajar nuliskeun cita-cita. Ayeuna cita-cita anu geus dituliskeun ku hidep téh, titénan deui tur apalkeun, tuluy caritakeun di kelas. Giliran saurang-saurang ka hareup. Sing alus nepikeunana, sorana sing bedas.

Geura pék tuluykeun ku hidep!

Abdi téh Pun bapa namina Ari
pun biang mah namina Abdi gaduh lanceuk
namina Sakolana di Kulawarga
abdi cicing di

Abdi resep

Sok ditaros ku mamah jeung bapa, naon cita-cita abdi téh. Abdi
gaduh cita-cita hoyong janten

.....
.....




Pengajaran

8



LINGKUNGAN PADUMUKAN



Sumber: www.jekoo.wordpress.com


Urang hirup dina hiji lingkungan. Di sabudeureun tempat cicing urang tangtu aya rupa-rupa saperti tutuwuhan, sasatoan, sawah, balong, walungan, jeung sajabana. Ayeuna hidep bakal diajar dadaran ngeunaan lingkungan padumukan.

A. Maca Jero Haté

Yu, urang maca!

Ieu di handap aya bacaan dadaran. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

BUMETAH



Imah Rudi aya di sisi jalan gedé. Nyanghareup ka wétan. Ku batur mah sok disarebut diskotik. Enya singgetan tina di sisi kota saeutik. Cicing téh di kampung lain di kota lain. Ayana tengah-tengah, antara kampung jeung kota. Disebut tengah-tengah téh, ka kota deukeut tapi aya di sisi lembur. Kitu pernahna imah Rudi téh.

Mun isuk-isuk, cahaya panonpoé nyorot pisan ka imah Rudi. Cenah mah alus keur kaséhatan sabab cahaya panonpoé téh ngandung vitamin D. Tukangeun imah Rudi aya sawah, paréna keur sedeng beukah. Kaitung lega sawah téh da mun keur usum panén téh nu ngarala paré kacida réana. Lain urang dinya wungkul, tapi aya ogé nu daratang ti kampung tatangga deuih.

Bapana Rudi ogé bogaeun sawah di tukangeun imah. Henteu lega mah, tapi hasilna cukup keur dahar satauneun. Tukangeun imah Rudi téh henteu langsung sawah, tapi aya balong heula. Laukna réa. Umumna mah lauk emas. Ku Rudi sok diparaban unggal poé. Mun dialungan daun sampeu téh, laukna sok récok pagulung-gulung.

Gigireun imah Rudi aya imah bibina. Di buruan imah bibina Rudi dipelakan kekembangan. Unggal isuk sok katempo dicéboran ku bibina Rudi. Aya kembang nu alus nyaéta kembang ros. Warnana bareureum.

Bibina Rudi ogé bogaeun sawah, sawates jeung sawah bapa. Diwatesanan ku galengan sawah. Éta sawah téh warisan ti akina Rudi. Ari akina Rudi téh pituin urang dinya. Ngan nini Rudi nu rada jauh mah, asalna ti désa tatangga. Akina Rudi téh bogaeun anak dua, nyaéta bapana jeung bibina Rudi.

Ti imah Rudi ka sakola henteu jauh. Kira-kira aya sakilométer. Lamun rék ka sakola, Rudi sok disampeur ku babaturanana. Ngaranna Déwi. Imahna teu pati jauh, kiduleun imah Rudi. Aya saratus méteran mah. Rudi ogé sok ulin ka imahna Déwi. Kitu deui, Déwi sok ulin ka imah Rudi. Pangpangna mah mun aya PR ti sakola. Sok kerja kelompok. Tiluan kabéhna mah, Rudi, Déwi, jeung Nénéng.

Rudi dilahirkeun di éta lembur. Tapi ari lahirna mah di bidan. Pikabetaheun di lembur Rudi téh. Jaba ti hawana masih kénéh beresih, ka kota teu pati jauh. Aya lima kiloan ka kota kacamatan téh. Di kota kacamatan aya masjid gedé, alun-alun, jeung pasar. Rudi ogé kungsi dibawa ku indungna ka pasar. Ramé di pasar mah réa nu daragang jeung nu balanja. Rudi mah jeung sasaha ogé teu weléh akur tur soméah. Maranéhna getol ngajalankeun ibadah ka Pangéran.

B. Nyangkem Eusi Bacaan

Bacaan nu bieu dibaca ku hidep téh kaasup kana dadaran atawa déskripsi. Eusina nyaritakeun kaayaan di lingkungan imah Rudi. Pikeun nyangkem eusi bacaan, ayeuna pék jawab pananya ieu di handap!

1. Di mana perenahna lembur Rudi téh?
2. Ngaréndéng jeung imah saha imah Rudi téh?
3. Aya naon tukangeun imah Rudi téh?

4. Keur kaayaan kumaha paré tukangeun imah téh?
5. Sabaraha kilo jauhna ti imah Rudi ka sakola?
6. Saha nu sok nyampeur Rudi mun ka sakola?
7. Saha waé nu sok kerja kelompok di imah Rudi?
8. Ceuk éta bacaan, di mana Rudi téh lahirna?
9. Kumaha kulawarga Rudi jeung tatangga?
10. Kumaha kulawarga Rudi kana agama?

C. Ngalengkepan Kalimah

Pék eusikeun kecap-kecap di jero kotak kana kolom nu dinomeran dina wacana.

A. cai	B. walungan	C. ngungsi
D. dibéré	E. katalangsara	F. caah
G. hujan	H. buruan	I. léngkob
J. datang	K. kakeueum	

Imahna téh aya di sisi (1) Citarum. Rada inggis mun geus hujan mah. Biasana sok datang (2). Cai léb-léban sok nepi ka (3) imah. Kampung nu aya di beulah hilir mah nyaéta Kampung Cieunteung sok (4) ku cai. Malah mun tuluy-tuluyan hujan, urang kampung éta mah sok arindit (5).

Mun geus ngungsi mah, warga téh.... (6). Sararéna ngagolér di mana waé. Dahar ogé (7). Atuh bantuan ti warga nu lian, sok (8), kaasup ti pamaréntah.

Malah dina warta-warta televisi ogé sok muncul, boh televisi nasional boh televisi lokal. Cieunteung kakeueum. Malah cai téh sok nepi ka na suhunan imah.

Perenahna Kampung Cieuteung téh aya dina (9). Malah saajar rata jeung walungan Citarum. Atuh munasabah lamun (10) saeutik ogé cai téh kaluar ti walungan. Antukna kampung téh kakeueum.

D. Nyusun Karangan Dadaran

Yu, urang nyusun karangan!

Dina karangan dadaran ditataan kaayaan jalma, barang, tempat, hal, atawa suasana saayana. Urang ibarat motrét barang atawa jalma. Anu ngaranna motrét saperti mindahkeun barang ka tempat séjén.

Geura urang titénan contona ieu di handap.

Imahna téh imah panggung. Suhunanana ditutupan ku kenténg taneuh. Gigirna ditutupan ku bilik. Di hareupna aya pantoan hiji. Di éta imah aya dua kamer. Kamer tukang paranti indung jeung bapana. Ari di kamar hareup paranti anakna. Beulah tukangna aya pawon. Masakna masih ngagunakeun hawu. Jadi, can aya kompor. Keur ngahurungkeun hawu, sok make suluh garing.

Imah téh nyanghareup ka kalér. Di hareupeunana aya jalan ronda.

Masih kénéh dikoral ku batu. Can diaspal cara di kota. Ukuan jalanna ogé heureut. Eta ogé asup mobil bak leutik mah. Sok katémbong lalar liwat, ngakutan kai atawa paré.

Ayeuna hidep diajar nulis dadaran. Tepikeun kumaha kaayaan lingkungan tempat cicing hidep. Carana mah kieu.

- 1) Aya di mana imah tempat cicing hidep.
- 2) Kumaha kaayaan imah hidep saperti warna cétna, bentukna, jsté.
- 3) Tataan naon waé nu aya di sabudeureun imah hidep.
- 4) Ka mana nyanghareupna imah hidep.
- 5) Aya naon hareupeun atawa tukangeun imah hidep.
- 6) Ari di gigireun imah hidep aya naon deui.
- 7) Sakumaha jarak imah hidep ka sakola atawa ka pasar.

F. Maca Ngajembaran

Yu, urang maca!

Pék baca dadaran ieu di handap!

CANDI JIWA

Uus ngaranna téh. Cicingna di Karawang. Imahna deukeut ka Candi Jiwa. Ari Candi Jiwa téh perenahna di Désa Segaran, Kabupatén Karawang. Candi Jiwa ceuk kira-kira umurna pangkolotna mun dibandingkeun jeung candi-candi nu aya di Nusantara, anu kiwari geus dipikawanoh. Ngan ku rupa-rupa rereged tug nepi ka kiwari, Candi Jiwa tacan kabuka sagemblengna. Lian ti urusan waragad, Candi Jiwa mah nepi ka kiwari masih dina tahap panalungtikan.

Candi Jiwa téh bacacar di sawatara tempat. Di Karawang Kalér teu jauh ti Kacamatan Rengasdengklok téh aya dua lokasi anu kabéh ogé boga titinggal. Di Cibuaya aya artefak. Kitu deui, di Batujaya bacacar ku titinggal. Eta kabéh nungguan ditalungtik leuwih gemet.

Situs Batujaya munggaran kapanggih ku Tim Arkéologi Fakultas Sastra Universitas Indonésia taun 1984. Ti mimiti ditalungtik dina taun 1985 tug ka taun 1999, geus kapanggih teu kurang ti 13 titinggal di Désa Segaran, 11 titinggal di Tegaljaya, total aya 24 titinggal. Malah kapanggih 31 tapak situs sésa banunan kuna. Ku tim dingaranan bé dumasar ka tempat ditimukeunana saperti Segaran 1, Segaran 2, Tegaljaya 1, Tegaljaya 2, jst.



Kompléks Percandian Batujaya diduga kompléks sésa-sésa Percandian Budha Kuno, di Kacamatan Batujaya jeung Kacamatan Pakisjaya. Di kompléks candi téh diwengku ku kumpulan candi bacacar gugumplukan.

Batujaya perenahna aya di tengah pasawahan. Geus 22 taun ieu situs dikali jeung dititénan ku para ahli arkéologi Indonésia jeung ti mancanagara. Situs téh mimitina mah jiga pasir laleutik, masarakat nyarebutna unur-unur (pasir laleutik), ngan ari geus dibuka mah horéng bangunan candi.

Sajeroning ditalungtik, kapanggih rupa-rupa artefak anu bahanna bata beureum, anu sanggeus dirékonstruksi tétéla éta téh candi. Aya rupa-rupa karajinan tina lempung, rupa-rupa beling, jeung nu matak hookeun mah ayana puluhan tangkorék anu masih kénéh wareuteuh. Titinggal karuhun téh jadi bukti kaagungan Gusti Alloh. Ku kituna urang kudu sujud sukur ka Pangéran.

Diropéa tina Koran Galura, Edisi IV Maret 2012, Kaca 10

Hidep geus maca dadaran ngeunaan Candi Jiwa. Dina éta bacaan ditataan kumaha kaayaan candi jeung tempatna. Kaharti lantaran éta karangan téh mangrupa dadaran. Pikeun maham eusi éta bacaan, ayeuna ku hidep jawab pananya ieu di handap.

1. Di mana Candi Jiwa téh perenahna?
2. Masih dina tahap naon Candi Jiwa nepi ka kiwari?
3. Naon nu bacacar di Batujaya téh?
4. Sabaraha situs nu geus kapanggih di Karawang téh?
5. Dingaranan luyu jeung naon situs téh?
6. Candi Jiwa téh sésa percandian agama naon?
7. Di mana perenahna Batujaya téh di pasir atawa tengah pasawahan?
8. Naon disebutna situs téh ku masarakat dinya?
9. Tina naon Candi Jiwa téh bahanna?
10. Jadi bukti naon titinggal karuhun téh?

G. Nyaritakeun Dadaran

Dadaran nu judulna “Candi Jiwa” téh pék ku hidep ringkeskeun. Minggu hareup caritakeun deui di hareupeun kelas. Bagilir saurang-saurang. Sing alus cara nepikeunana. Ucapan jeung lentongna sing merenah. Engké bakal dipeunteun ku Ibu/Bapa Guru.

Sangkan babari, hidep kudu nyatet heula gagasan tina unggal paragraf. Eta téh mangrupa inti eusi tina unggal paragraf. Mun geus digabungkeun, bakal jadi eusi sagemblengna dadaran. Ngarah babari, ku hidep tuturkeun bagian-bagian ieu di handap.

- a. Pernahna Candi Jiwa
- b. Kaayaan Candi Jiwa.
- c. Kapanggihna Candi Jiwa anu bacacar.
- d. Gambaran Kompléks Candi Jiwa.
- e. Pernahna Batu Jaya.
- f. Rupa-rupa artefak di lingkungan Candi Jiwa.

Pangajaran

9

KADAHARAN SÉHAT HAS SUNDA



Sumber: www.kmt.php.tp.ugm.ac.id

Di tatar Sunda aya rupa-rupa kadaharan boh kadaharan tradisional boh kadaharan modern. Ayeuna hidep bakal diajar perakara kadaharan tradisional.

A. Maca Jero Haté

Yu, urang maca!

Ieu di handap aya wacana perkara kadaharan has Sunda. Geura pék baca dina jero haté, tuluy tengetan eusina!

KALUA

Dina kahirupan masarakat Sunda aya rupa-rupa kadaharan anu has. Disebut has téh lantaran teu kapanggih di tempat séjén. Rupa-rupa kadaharan téh bisa mangrupa lalawuh, deungeun sangu, jeung inuman. Munculna rupa-rupa kadaharan téh, jaba ti disawang tina cara didaharna, gunana, bisa ogé tina bahan dijieunna. Aya kadaharan sapopoé aya kadaharan anu husus sok dipaké dina upacara adat.

Di antara kadaharan anu sakitu lobana aya nu disebut kalua. Aya tilu rupa kalua nyaéta kalua jeruk, kalua gedang, jeung kalua suuk. Nu sok nyieunan kalua jeruk téh di wewengkon Ciwidéy Bandung.

Disebut kalua jeruk téh lantaran bahan bakuna tina kulit jeruk bali atawa jeruk Jambang. Bahan-bahan séjénna nyaéta cai, apu seupah, gula beureum atawa gula bodas. Ari cara nyieunna kieu. Kulit jeruk



Sumber: <http://bp4.blogspot.com>

nu héjona dipiceun nepi ka katempo dagingna bodas. Tuluy diberesihan jeung dikeueum dina cai apu seupah. Geus nyerep cai apuna, tuluy digodog maké cai gula beureum atawa cai gula bodas nepi ka caina saat. Geus kitu dituuskeun jeung dipoé.

Kalua jeruk sok dipaké lalawuh. Rasana amis kareueut. Dina kalua jeruk aya kandungan gizi.



Sumber: www.wikipedia.com

Dingaranan kalua gedang lantaran bahan bakuna buah gedang. Bahan-bahan séjénna nyaéta cai, gula beureum atawa gula bodas, apu seupah, jeung pangwarna. Ari cara nyieunna kieu. Gedang nu ngora kénéh dipesék jeung dipiceun sikina, tuluy dipotongan. Geus kitu, potongan gedang téh dikeueum ku cai apu, diberesihan, sarta diasupkeun kana katél

dicampuran ku gula beureum atawa gula bodas. Galokeun nepi ka rata. Mun geus nyerep, dijait, dituuskeun, jeung dipoé.



Sumber: www.dapurcobek.com

Anu katilu kalua suuk. Disebut kalua suuk lantaran dijieunna tina suuk. Bahan-bahan séjénna nyaéta cai jeung gula. Cara nyieunna kieu. Suuk disangray, dipiceunan kulitna. Geus beresih, asupkeun kana godogan gula beureum atawa gula bodas. Lamun geus kentel, tuluy dicitak, wangunna buleud, sarta antepkeun sina ngabata.

Kalua suuk ilaharna dipaké lalawuh atawa disuguhkeun ka sémah jeung citéh atawa cikopi. Kalua mun

dijadikeun industri rumah tur bisa ngagawékeun réa jalma, tangtu bakal nguntungkeun ka masarakat sabudeureun.

B. Nyangkeum Eusi Pedaran

Hidep geus maca bacaan ngeunaan rupa-rupa kalua. Kalua téh kaasup kadaharan anu sok dijadikeun lalawuh (cemilan). Pikeun maham eusi pedaran perkara kadaharan, hidep kudu ngajawab ieu pananya.

- 1) Di wewengkon mana nu sok nyieunan kalua jeruk téh?
- 2) Naon sababna éta kadaharan téh disebutna kalua jeruk?
- 3) Jeruk naon nu sok dipaké bahan nyieun kalua téh?
- 4) Kumaha cara nyieun kalua jeruk?
- 5) Naon bédana kalua jeruk jeung kalua gedang?
- 6) Mun kalua dijadikeun industri rumah, bakal kumaha masarakat?

C. Nyebutan Istilah Kadaharan

Kadaharan dina kahirupan masarakat Sunda téh réa rupana. Bahan keur nyieunna ogé rupa-rupa, di antarana waé, béas jeung sampeu. Jaba ti éta, aya deui rupa-rupa inuman has Sunda. Ayeuna hidep kudu nyebutan rupa-rupa kadaharan atawa inuman has Sunda. Ngarah babari, tuluykeun sebutan rupa-rupa kadaharan atawa inuman anu sakelompok. Sebutkeun sakurang-kurangna tilu rupa.

1. Kadaharan nu asalna béas aya opak, _____
2. Inuman Sunda téh aya bandrék, _____
3. Kadaharan Sunda nu bahanna sampeu nyaéta comro, _____
4. Kadaharan nu dikulub aya kulub suuk, kulub _____
5. Kadaharan nu digoréng aya goréng lauk, goréng _____

D. Ngalarapkeun Kecap Kana Kalimah

Dina téks anu dibaca ku hidep kapanggih rupa-rupa kecap nu patali jeung pagawéan. Lengkepan kalimah ieu di handap ku kecap nu aya gigureunana.

1. Cau beunang nyiksikan téh _____
dina nyiru.
2. Jagong beunang meungkeut _____
dina paraseuneu.

A. dibeueum

B. dikeueum

3. Cau nu atah kénéh téh _____ dina lombang.
4. Waluh téh keur _____ dina langsenseng.
5. Cangkang jeruk téh _____ dina ciapu.
6. Suuk téh bisa disangray bisa _____.
7. Sampeu beunang ngumbah téh tuluy _____.
8. Suuk téh _____ dina katél.
9. Daun gedang beunang ngala _____ dina panci.
10. Opak téh _____ dina hawu.

- C. digodog
- D. disangray
- E. dituuskeun
- F. dipoé
- G. diseupan
- H. dipeuyeu
- I. digarang
- J. digoréng

E. Nyawalakeun Kadaharan

Yu, urang sawala!

Ayeuna hidep dibagi jadi genep kelompok. Tiap-tiap kelompok ngabadameun topik-topik sawala nu geus disadiakeun. Kelompok 1 nyawalakeun bahan sawala 1, kelompok 2 nyawalakeun bahan sawala 2, jst.

1. Sawala Kelompok 1

Pék baca pedaran ieu di handap!

KARÉDOK

Karédok téh kagolong kadaharan has Jawa Barat. Ampir kabéh urang Sunda resepeun kana ieu kadaharan téh.

Bahan-bahan anu kudu disayagikeun lamun urang nyieun karédok nyaéta kacang panjang, bonténg, térong, togé, jeung engkol. Ari samara anu diperlukeun nyaéta goréng atawa sangray suuk, uyah, bawang bodas, bawang beureum, cikur, gula beureum, jeung céngék.

Cara nyieun karédok téh kieu. Sayuran sagala atah diberesihan tuluy disiksikan. Samara nu geus disadiakeun téh, tuluy diréndos ku

mutu dina cowét. Sanggeus réngsé, caian saeutik. Sayuran beunang nyiksikan téh, tuluy galokeun kana samara nepi ka rata.

Karédok didaharna jeung sangu atawa lontong dina waktu dahar beurang atawa dahar peuting. Pidangan karédok ogé sok dibarengan ku kurupuk. Lamun urang jajan karédok, biasana sok dipincuk ku daun cau.



Sumber: www.ennymamito.com

Pék jawab ieu pananya!

- 1) Naon waé bahan pikeun nyieun karédok téh?
- 2) Kumaha carana nyieun karédok? Cik pék terangkeun!
- 3) Kumaha cara ngadaharna karédok téh?
- 4) Sok dibarengan ku naon ari dahar karédok?
- 5) Lamun urang jajan karédok, sok diwadahan naon?

2. Sawala Kelompok 2

Pék baca pedaran ieu di handap!

KICIMPRING

Kicimpring kaasup kadaharan sabangsa opak anu bahanna tina sampeu. Ku kituna, kicimpring sok disebut ogé opak sampeu. Di wewengkon Kuningan mah kicimpring téh disebutna béca. Bisa jadi disebut kicimpring téh lantaran wangunna ipis nyempring.



Sumber: www.flickr.com

Dina nyieun kicimpring, jaba ti bahan baku nu mangrupa sampeu, perlu ogé samara saperti uyah, bawang daun, céngék atawa cabé, jeung samara pécin. Ari cara nyieunna kieu. Sampeu dipesék cangkangna, tuluy dikumbah, sarta diparud. Parudan sampeu dicampuran ku uyah, bawang daun beunang nyiksikan saperluna. Geus kitu mah, galokeun nepi ka rata.

Adonan sampeu diemplé-emplé sina ipis tur dibuleudkeun atawa dilonjongkeun dina tutup panci. Geus kitu diseupan ngarah asak. Geus asak mah dijait, tuluy dipoé nepi ka garing. Kakara geus garing, opak digoréng atawa didéangkeun nepi ka asak.

Kicimpring diidangkeun minangka lalawuh bareng jeung citéh atawa cikopi.

Pék jawab ieu pananya!

- 1) Ceuk dugaan, ieu kadaharan disebut kicimpring, naon sababna?
- 2) Naon baé bahan keur nyieun kicimpring téh?
- 3) Kumaha carana nyieun kicimpring téh? Pék jelaskeun!
- 4) Kumaha carana ngadahar kicimpring téh?
- 5) Sok dibarengan ku naon lamun ngadahar kicimpring?

3. Sawala Kelompok 3

Pék baca pedaran ieu di handap!

KIRIPIK CAU



Sumber: <http://bp1.blogspot.com>

Kiripik cau kaasup kadaharan lalawuh nu bahan bakuna tina cau.

Cau nu sok dikiripik nyaéta cau siem atawa cau raja. Ari bahan séjénna aya cai, gula bodas atawa gula beureum, uyah, minyak goréng. Parabot nu dipakéna katél jeung baskom.

Cara nyieun kiripik cai téh kieu. Cau dipesék cangkangna, tuluy disiksik ka panjangna sing aripis. Lamun rék nyieun kiripik asin, cau beunang nyiksikan dikeueumkeun kana ciuyah. Antepkeun sakeudeung ngarah ciuyah nyerep, kakara digoréng. Tapi lamun rék nyieun kiripik amis, cau beunang nyiksikan digoréng nepi ka asak. Geus kitu, digalokeun kana cigula.

Kiripik cau jadi lalawuh, biasana dikéleran. Disuguhkeun ka sémah jeung citéh atawa cikopi. Waktu nyuguhkeunana bisa iraha waé.

Pék jawab pananya ieu di handap.

- 1) Naon sababna ieu kadaharan téh disebut kiripik cau?
- 2) Naon baé bahan keur nyieun kiripik cau?
- 3) Kumaha carana nyieun kiripik cau? Pék jelaskeun!
- 4) Kumaha carana ngadahar kiripik cau?
- 5) Sok dibarengan ku naon lamun ngadahar kiripik cau?


4. Sawala Kelompok 4

Pék baca pedaran ieu di handap!

KIRIPIK KENTANG

Disebut kiripik kentang sotéhpédahbahanbakunadijieun tina kentang. Saperti kiripik cau, kiripik kentang jadi lalawuh anu sok dikéleran sarta disuguhkeun ka sémah, dibarengan ku citéh atawa cikopi.

Jaba ti bahan baku kentang, diperlukeun bahan jeung samara séjénna saperti uyah, cai, apu seupah, minyak goréng. Parabot nu dipaké katél jeung baskom. Ari cara nyieunna kieu. Kentang dipesék cangkangna, tuluy disiksik. Keueuman ku ciapu, tuluy seupan sakeudeung. Geus kitu, dipoé nepi ka garing, kakara digoréng.



Sumber: guspin.blogdetik.com

Dina kiripik kentang aya kandungan gizi nu dipibanda ku kentang-na sorangan. Kentang ngandung cai, kalori, karbohidrat, lemak, protein, jeung vitamin. Jadi, réa pisan zat vitamin jeung mineral séjénna.

Pék jawab pananya ieu di handap.

- 1) Naon sababna disebut kiripik kentang?
- 2) Naon baé bahan keur nyieun kiripik kentang?
- 3) Kumaha carana nyieun kiripik kentang?
- 4) Kumaha carana ngadahar kiripik kentang?
- 5) Sok dibarengan ku naon lamun ngadahar kiripik kentang?

5. Sawala Kelompok 5

Pék baca pedaran ieu di handap!

KIRIPIK SAMPEU



Sumber: www.alibaba.com

Kiripik sampeu téh lalawuh anu sok disuguhkeun diina kéler, dibarengan ku citéh atawa cikopi. Disebut kiripik sampeu lantaran bahan bakuna tina sampeu.

Jaba ti sampeu, diperlukeun bahan séjénna saperti cai, uyah, minyak goréng. Parabot nu dipakéna nyaéta katél, aseupan, jeung nyiru. Cara nyieuna kieu. Sampeu dipesék cangkangna, dikumbah, tuluy diseupan nepi ka asak. Geus tiis, tuluy disiksikan aripis sarta dipoé nepi ka garing. Lamun geus garing, bisa digoréng sarta dipurulukan ku uyah.

Teu béda jeung kiripik séjénna, kiripik sampeuna dijadikeun lalawuh nu diidangkeun jeung citéh atawa cikopi. Ilaharna mah sok dikéleran.

Pék jawab pananya ieu di handap!

- 1) Naon sababna ieu kadaharan téh disebut kiripik sampeu?
- 2) Naon baé bahan keur nyieun kiripik sampeu?
- 3) Kumaha carana nyieun kiripik sampeu? Pék jelaskeun!
- 4) Kumaha carana ngadahar kiripik sampeu?
- 5) Sok dibarengan ku naon lamun ngadahar kiripik sampeu?

6. Sawala Kelompok 6

Pék baca pedaran ieu di handap!

KIRIPIK TALEUS



Sumber: mala08.wordpress.com

Kiripik taleus kaasup lalawuh nu sok disuguhkeun dina kéler, dibarengan ku citéh atawa cikopi. Disebut kiripik taleus lantaran bahan bakuna dijieunna tina taleus.

Bahan-bahan séjénna nyaéta uyah, cai, jeung minyak goréng. Ari parobotna mah cukup ku

katél. Cara nyieunna kieu. Taleus dipesék cangkangna, tuluy disiksikan aripis, ngujur ka panjangna atawa ka lébarna, kumbah nepi ka beresih. Keueum kana ciuyah, antepkeun sina nyerep uyahna nepi ka rata. Geus kira-kira uyahna nyerep, tuluy tuuskeun, kakara digoréng.

Teu béda ti kiripik sampeu atawa kiripik kentang, kiripik taleus disuguhkeun ka sémah dina kéler, ilaharna dibarengan ku citéh atawa cikopi. Nyuguhkeunana bisa iraha waé.

Pék jawab ieu pananya!

- 1) Naon sababna ieu kadaharan téh disebut kiripik taleus?
- 2) Naon baé bahan keur nyieun kiripik taleus?
- 3) Kumaha carana nyieun kiripik taleus? Pék jelaskeun!
- 4) Kumaha carana ngadahar kiripik taleus?
- 5) Sok dibarengan ku naon lamun ngadahar kiripik taleus?

F. Midangkeun Hasil Sawala

Yu, urang midangkeun hasil sawala!

Sanggeus hidep ngayakeun sawala sarta meunang kacindekan tina hasilna, ayeuna wawakil kelompok nepikeun hasil sawala di hareupeun kelas. Ku lantaran kelompokna leuwih ti hiji, cara nepikeunana diatur dua minggu.

Pidangan minggu katilu:

1. Wawakil Kelompok 1 midangkeun hasil sawala perkara “Karédok”.
2. Wawakil Kelompok 2 midangkeun hasil sawala perkara “Kicimpring”.
3. Wawakil Kelompok 3 midangkeun hasil sawala perkara “Kiripik cau”.

Pidangan minggu kaopat:

1. Wawakil Kelompok 4 midangkeun hasil sawala perkara “Kiripik Kentang”.
2. Wawakil Kelompok 5 midangkeun hasil sawala perkara “Kiripik Sampeu”.
3. Wawakil Kelompok 6 midangkeun hasil sawala perkara “Kiripik Taleus”.

Geusréngsé pidangan ti wawakil kelompok, hidep babarengan jeung Ibu/Bapa Guru nyieun kacindekan umum.

G. Latihan

Pikeun latihan, pék jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Ari kalua téh aya sabaraha rupa?
2. Kumaha cara nyieun kalua jeruk?
3. Ciri has wewengkon mana ari karédok téh?

4. Naon waé bahan pikeun nyieun karédok téh?
5. Sebutkeun dua kadaharan nu bahanna tina sampeu?
6. Sebutkeun rupa-rupa kadaharan nu mangrupa kiripik?
7. Naon bédana kiripik cau, kentang, sampeu, jeung taleus?
8. Naon sasaruana dina nyieun kiripik cau, kentang, sampeu, jeung taleus?
9. Bahan naon anu sarua dina nyieun kiripik cau, kentang, sampeu, jeung taleus?
10. Pidangan kiripik téh sok dibarengan ku citéh jeung cikopi. Kumaha cara nyieun citéh jeung cikopi?

H. Migawé Pancén di Imah

Pék baca pedaran ieu di handap!

KUPAT



Sumber: hennietriana.blogspot.com

Kupat ilaharna kapanggih dina waktu lebaran, boh lobaran Idul Fitri boh lebaran Idul Adha. Ari di imah hidep unggal lebaran sok aya kupat tara? Cung saha nu sok aya kupat di imahna? Ayeuna hidep bakal diajar kumaha carana nyieun kupat.

Pikeun nyieun kupat téh diperlukeun bahan-bahan saperti béas, apu seupah, jeung, janur (daun kalapa ngora). Parabotna langsung keur ngulub kupat. Ari cara nyieunna kieu. Janur téa dianyam heula dijieun cangkang kupat. Lamun teu bisa, hidep bisa meuli ka pasar. Di pasar sok réa nu dagang cangkang kupat.

Sanggeus cangkang kupat sayagi, béas diisikan, tuluy diuyahan jeung diapuan, digalokeun sing rata. Geus kitu asupkeun kana cangkang kupat, ulah pinuh teuing, cukup satengahna waé. Ti dinya kakara dikulub

dina langsens, lilana kira-kira sajam satengah dina kompor atawa 7 jaman dina hawu. Lamun geus asak, jait, tuluy tuuskeun.

Kupat bisa dipaké gaganti dahar sangu. Ilaharna didaharna dikuah ku opor. Lamun di nu dagang mah, kupat téh sok dicampur ku tahu, sarta dibarengan ku kurupuk. Ku kituna, sok disebut kupat tahu, hartina kupat jeung tahu, lain kupat tina tahu.

Ngajawab pananya

Kupat tahu téh kadaharan anu bahanna tina kupat jeung tahu. Ilaharna sok make togé sarta ditinyuh ku samara suuk. Lamun lebaran boh Idul Fitri boh Idul Adha, di saban imah sok ngaharaja nyarieun kupat. Didaharna téh sabada sarolat sunat di masjid.

Dina bacaan geus disebutkeun kumaha carana nyieun kupat. Sangkan leuwih jéntré perkara kupat, pék jawab pananya ieu di handap.

- 1) Sebutkeun tilu rupa wangun kupat?
- 2) Tina naon dijieunna cangkang kupat téh?
- 3) Béas pikupateun, saméméh dikulub, sok maké naon heula?
- 4) Sabaraha lilana ngulub kupat téh?
- 5) Naon nu dimaksud ku kupat tahu téh?

I. Néangan Kadaharan

Ayeuna hidep néangan hiji kadaharan has Sunda. Sumberna bisa tina buku, majalah, koran, atawa internét. Bisa ogé hidep nanyakeun ka Ibu hidep! Salin kana buku pancén! Minggu hareup dikumpulkeun ka Ibu/Bapa guru.

Daptar Pustaka

"Buah Cangkudu" dina Majalah Manglé, No.2134

Danabrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.

Hadi, Ahmad, Spk. 2011. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.

"Hasiat Buah Alpuket" dina Majalah Manglé, No. 2197

Irawan, Astri Martiani. *"Alam Padésan"* dina Majalah Manglé, No. 2414

LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.

Putri, Azahra Annisa. *Sajak "Kota Bandung"* dina Majalah Manglé, No. 2263

Rahmawati. *Sajak "Lembur Kuring"* dina Majalah Manglé, No. 2041

Sajak "Candi Cangkuang" dina Majalah Manglé, No. 2111

Sajak "Leuweung" dina Majalah Manglé, No. 2307

Setiadi, Haris. *Sajak "Ngabuburit"* dina Majalah Manglé No. 2187

Surtikanti. *"Teu Damang Aki"* dina Majalah Manglé No. 2377

Suryani NS, Elis. 2010. *Badingkut*. Bandung: Danan Jaya.

Tim Unicode Aksara Sunda. 2008. *Aksara Sunda untuk Unicode*. Bandung: Disdik Provinsi Jawa Barat.

"Ubar Ajaib" dina Majalah Manglé, No.1996

Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten.

Widaniawati, Wiwin. 2011. *Ajén-ajén Etnopédagogi dina Dongéng di Kota Tasikmalaya*. Bandung: SPs UPI.